ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ЛЫ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№143 (21.051) ● 2007 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 24, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомИ 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Налшык къалэ дэт «Интурист» хьэщІэщым КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен бадзэуэгъуэм и 21-м щалъущІащ «ЗыуэІ щыт Урысей» политикэ партым и щІалэгъуалэ къудамэм хэтхэм. ЗэІуцІэм я псалъэ халъхьэну къеблагъащ республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лЫкІуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд Іуэхущ1апІэхэмрэ щы1э Къуэщ1рокъуэ Залым. «ЗыуэІ щыт Урысей» урысейдпсо партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и политсоветым и унафэщІ Жэрыкъуэ Борис сымэ.

● ЗэІущІэхэр

Щ1алэгъуалэр лъэныкъуэкІэ щыт хъунукъым

ПРЕЗИДЕНТЫМныбжьыщ1эхэр щыгъуазэ ищ1ащ республикэм и экономикэм и щытыкІэм, Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэририкъум зэрызыхуагъэхьазыр щ1ыкІэм, щ1алэгъуалэр егъэдэкиным, Іащ1агъэ ешъгуагъэным теухуауэ зэфІагъэкІхэм, нэгъуэщІ Іуэхугъуэ куэдми.

- Дауи, тынш хъунукъым ди республикэм и экономикэри, социальнэ Іуэхугъэри, адрей гукъеуэхэри зэбгъэзэхуэжыну, ауэ дызэгъусэу абыхэм яужь дитмэ, дэ псори тхуэзфІэкІынущ. Псом хуэмыдэу щ1алэгъуалэр жыдэкэру къыхьхьхьэпхъщ нобэ зэфІэдгъэкІ лажьыгъэшхуэм, - яжриІащ Президентым ныбжьыщІэхэм.

Нэхъ дигу къеуэхэм ящыщщ щ1алэгъуалэм я нэхъыбэм я дуней тетыкІэр. Ди щхьэ, ди хабзэхэр дымыхъумэмэ, ди Іуэху нахьыфІ зэрымыхъунур ди ныбжьыщІэхэми къагурыІуэн хуейщ.

Щ1алэгъуалэр лажьапІэ ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщынымэ, ахэр Іэщ1агъэхэм хуеГъэдэхым я гугъу щищІым, Къанокъуэ Арсен къыхигъэщащ ар гулъытэщхуэ зыхуащІ Іуэхуу зэрыщытыр. Илъэс къэс ныбжьыщІэ 50 хамэ къэралхэм еджакІуэ зэрыдгъакІуэр, зэман дэкІмэ, республикэм сэбэп къыхуэхъужынущ, - жиІащ республикэм и Унафэщ1ым.

- Апхуэдэуи тщыгъупщэ хъунукъым къуажэдэсхэм я гугъуехьри. Къуажэ къэгъэгу тэмэм, спортым зыщыхуагъаз, я уаныпшагъэм щыкІалъагъэплъ Іуэхущ1апІэфІхэр дащ1ыхьын хуейщ.

Щ1ыхур Къэбэрдей-Балъкъэрым икІыу нэгъуэщІ щыпІэ щ1экІуэр мылъку зэригъэпощ1ынымк и закъуэкъым. Махуэ псом ІэнатІэ пэрытам зыщигъэпсэхун щыпІэ зэримыгъуэтми абы и дорэжьагъуэр къИэтэкъым. Мазэм е мазищым зэ щ1алэгъуалэр, жылагъуэр зыхуэзыпсэсыфын зэІущІэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызэгъэпэщын зэрызуреми гу лъагирГъэтащ Къанокъуэ Арсен.

Щ1алэгъуалэри псалъэмакъым жыдэкэру хэтащ, ахэр зыгъэпІейтей, зыщ1ыгуфІыкІ Іуэхугъуэхэр Президентым хуаІуатэу.

- Республикэм псэукІэр щ1ыгъэтдгъэувэжьын щхьэкІэ жылэм къыддаІыгъын хуейщ ди мурадхэр, мамырыгъэ, зэгурыІуныгъэ ди зэхуэду дэлъытхъэщ. Дэ дызэрыпагэн диІэщ, а диІэми хэгъэхъуэн, ар хъунэм хуейщ, - жиІащ республикэм и Унафэщ1ым зэІущІэм и кІэухыу.

ЖЫРЫКЪ Руэанэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Республикэ программэ хэхахэр гъэзэщІныр 2006 гъэм зэрекІуэкІам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм жиІам едгъІуауэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къэгъэльагъуэ:

республикэ программэ хэхахэм 2006 гъэм планкІэ сом меларди 4-рэ мелуан 951,7-рэ хуаутІыпщ1ын хуеящ, абы щ1ыщ сом зы мелардрэ мелуан 685,18-рэ федеральнэ бюджетым, сом мелуан 737,82-рэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкІыу, сом меларди 2-рэ мелуан 528,7-р бюджетым щ1ымыщ хэкІыпІэхэм я хьэкъкІэ. А Іуэхум ипэжыпІэкІэ ахьшэу сом меларди 5-рэ мелуани 136,17-рэ (проценти 103,7-рэ) хуахаухэ щ1ытащ. Абы щ1ыпу сом зы меларди мелуан 614,86-р федеральнэ бюджетым, сом зы меларди мелуан 369,98-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкІыу, сом меларди 2-рэ мелуани 151,33-р бюджетым щ1ымыщ хэкІыпІэхэм я хьэкъкІэ. Абы щ1ыгъуэми программ1ыпІ ахьшэ хуаутІыпщ1акым, программэхэм я нэхьыбэм ахьшэу хуахьыр планкІэ ягъэувауэ щытам нэхьрэ нэхъ мащІэщ, зыныкъуэ программэхэмкІи я мурадар зрагъэхъулІэфакъым. Программэ щхьэхуэхэмкІэ мурад Іупщ1 щ1ыпІэкъым, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ зыхуэфащэ унэтІныгъэхэмкІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэ хэпльагъуэркъым.

Ищхьэмкі щ1ыжьІахэр къэльытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Республикэ программэ хэхахэр гъэзэщІныр 2006 гъэм зэрекІуэкІам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм жиІар къэльытэн.

2. Республикэ программэ хэхахэр гъэзэщІэн и лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм арэзы укъимыщІу къэлытэн.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм чэнджэщ етын:

1) къэкІуэну гъэхэм ягъэзэщІэну зыхуамурад республикэ программэ хэхахэм я спискэр игъэбелджылыну икІи 2007 гъэм фокІадэм и 1-м ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и пащхьэ ирильхьну;

2) 2007 гъэм фокІадэм и 1-м нэсыху зэгъэзэхуэжыныгъэхэр зи пІальэр ягъэкІуатэ республикэ программэ хэхахэм захльхьэну, республикэм щ1ыщІэ социально-экономикэ щытыкІэр къэльытауэ;

3) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджет 2008-2010 гъэхэм тещІыхьам и проектыр щагъэхьэзырКІ, республикэ программэ хэхахэр нэсу гъэзэщІа хъун щхьэкІэ, зыхуей ахьшэ бжыгъэр абы къыщигъэльэгъуну;

4) республикэ программэмкІэ хэхахэр щ1ызыхльхьэкІэ, ахэр инвестицэ ресурсхэм я хьэжькІэ екІуу гъэзэщІа зэрыхьуну щІыкІэхэр нэхъ Іупщ1у абыхэм къыщигъэльэгъуну;

5) зыхуэфащэ министерствэхэм я пщэ дэлъхьэн республикэ программэ хэхахэр щагъэзащІэм я1ащІэкІа щ1ыагъэхэр къальытэну, абы щхьэкІэ:

республикэ программэ хэхахэр гъэзэщІэным хэтхэм ягурыІуэн дэтхэнэ инвестицэ проектми тэмэму къыщигъэльэгъуа технико-экономикэ бжыгъэхэр и льабжьэу хухах ахъшэм я къыхэкІыпІэ хъунуэхэмкІэ:

федеральнэ программэ хэхахэм республикэ программэм щ1ыщ нэхъыбэ Іэмал зэриІэкІ хэгъэхьан.

4. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмкІэ къэрал программэ хэхахэм я Іуэхуэ1»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законымкіэ ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым хьыбар иригъэщІэн хуейщ республикэ программэ хэхахэмрэ республикэм и щ1ыналъэм щ1ызэхальхьа лъэпкъ проект нэхьыщхьэхэмрэ гъэзэщІэныр зэрекІуэкІым теухуауэ.

5. Мы Унафэр гъэзэщІа зэрыхьуным кІэлыплъыныр я пщэм дэлъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м
№1183-II-П

Республикэ программэ хэхахэр гъэзэщІа зэрыхьумкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм жиІам теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Іуэхухэр зэхагъэкІ

Польшэм и къалэ Познань и гъунэгъуу щыщ къэпридзащ урысей урисстхэр зэрыс автобус. Цыху 23-м фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр ягъуэтащ, язныкъуэхэр хьэлъэщ. Автобусыр Москва икІауэ Париж кІуэр т.

Куэдкі нэхъ гуауэщ езы Франджым къыщ1ыхъуар. Мыбы Польшэм и цІыхухэр зэрыс автобусыр къуэ куум дэхуэри, цІыху 27-рэ хэкІуэдащ. Польшэм и президент Качиньски Лех и унафэкІэ къэралым махуищкІэ щ1ыщІэуэнущ.

НэхъыбапІэр Іэрохьэ

Тыркум щекІуэкІа парламент хэхьыныгъэхэм бжьыпІэр щиубыдащ Захуагъэмрэ зыужьыныгъэмрэ я партуе премьер-министр Реджеп Эрдоган зи пашэм.

Ар и ныкъуэкъэгъуэхэм зыкъомкІэ ящхьэпрыкІащ. Зи гугъу тщІы партыр исльамыр нэхъ ткІийуэ Іыгъын хуейуэ къэзыгъэзыр зэрыгъэныгъэщ. Абы щ1ыгъуэми премьер-министр Реджеп Эрдоган жеІэ езым и къэралыр Евросоюзым фІэкІыпІэ имыІэу хьихьэн хуейуэ, Ауэ ЕС-м, дауи, щ1ыдАІыгъыркъым исльамым и жьауэм тхІийуэ щІэувэным теухуауэ щІыпІэ нэхъ щІэныгъэ щІэлъ Іуэхущ1апІэ щ1ыгъуэнущ.

Метрищым нэскІэ

Амур областым псыхэр къыщІауащ. Псом хуэмыдэу зиІэтащ Зее. Щ1ыпІэ зыбжанэм щынагъуэ ин ялыгасщ.

Щ1ытыкІэр хуабжьу зэІигъэхьащ гидроэлектростанцыщхуэм и псыхъуамапІэр зыкъомкІэ къауанэщ1ын хуей зэрыхьуам. А Іэмальнышагъэм и зэранкІэ Зее псыр метрищым нэскІэ кьыдэкІуеящ.

Щ1ыпІэ псоми

Дунейм и щ1ыпІэ псоми мы зэманым хуабэр щ1ыІэм щытекІуэну жьпІэ хьунущ, уеблэмэ географиекІэ зэпэжыжьэ дыдэхэми.

Псалъэм и хьэтыркІэ, Хорватием и ипщэ лъэныкъуэм, США-м и къуэхьэпІэ лъэныкъуэм щ1ыпсэухэр гуэвэгъуэ хидзащ мэзхэр мафІэм зэрисым.

Акъ1ылыфІэхэр

Ираным щекІуэкІащ физикэмкІэ дунеипсо олимпиадэ.

Абы бжьыпІэр щ1ыубыдащ Китаймрэ Корее Ипщэмрэ ящ1ыщ ещ1ажІуэхэм. ЗэфІэкІышхуэ кьахьащ УФ-м и командэм щ1ыщ1эми. Абыхэм дыщэ медалу щ1ы, ныжьыну зы, жьэ1уэ зы къахьащ. Ди щ1алэ, хьыджэбз цІыкІухэр ещанэщ. Абыхэм къ1ызэранэкІащ къэрал куэдым я лІыкІуэхэр.

(ИТАР-ТАСС).





◆Бадзэуэгъуэм и 24 - 27-хэм Сингапур щекІуэкІыну ящ1ыщ унагъуэ дохутырхэм я дунейпсо зэгуэхьныгъэм и 18-нэ зэхуэсщ.

◆АмерикэІпщ1эр Испаниемрэ тепщ1ныгъэм кьыщІэкІыным теухуа лъэпкъщхьэхуит зэщІэхьеенигъэм и къызэгъэпэщ1акІуэ, Венесуэлэм, Колумбием, Перум, Боливием, Эквадорым я лъэпкъ лІыхьужь Боливар Симон (1783 - 1830) къыщ1ахуа махуэщ.

◆Ильэс 205-рэ и пэкІэ къальхуащ франджы тхакІуэ, драматург Дюма Александр-адэр (1802-1870).

◆Композитор, КъБР-м и цІыхубэ артист, УФ-м щІыхь зиІэ и артист Даур Асльэн (1940 - 1999) къыщ1ащ1ахуа махуэщ.

◆1944 гъэм кьалъхуащ филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Гъут Іэдэм.

◆Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 46-м, къухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 41-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикъэ 55-рэ.

ПІалъэхэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Хэкум и дамыгъэ

АДЫГЕЙ. ***Адыгейм и Президентым и пресс-Іуэхущ1апІэм къызэрипхалІэ. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэкІэ республикэм и Президент Тхъэкіуэщ1ыпэ Аслъэнджэрий идыблагъэ къыхуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэм щ1ыІэ фІыщІэм папщІэ» орденым и еплІанэ дамыгъэр.***

«ОРДЕНЫР республикэм и цІыху псоми къалэжьа дамыгъэщ. Щэч къытесхьэркъым Адыгейм и зыужьыныгъэм дэтхэнэ зыми и гуащІэ, зэрыхилъхьэм, дэпкІи апхуэдэуи зэрыщытынум», - яжриІащ Тхъэкіуэщ1ыпэ Аслъэнджэрий хъуэхъукІэ зыкъыхуэзыгъэзахэм.

Я къуэщхэр къращэлІэж

АБХЪАЗ. ***Хамэ къэралым щ1ыпсэу абхъазхэм я адэжь щ1ынаІлъэм бэІутІэІущ1эу, лъэпощхьэпо хэмыту къагъэзэжа хъунымтеуху къэрал программэ республикэм къыщ1эн зэрыхуейр щидыблагъэ къыхуагъэщащ щ1ыпІэ парламентым и депутат Гогуа Сонер.***

«ХАМЭ къэралым щ1ыпсэу ди къуэш-ди щ1ыпхъуэхэр икъукІэ гугъу йохь ди республикэм теуху хъыбархэр гугъу дыдэу фІэкІа зэрагъэрымыхьэм къыхэкІыу икІи абы кьегъэув ахэр щ1ыпсэу щ1ыпІэхэм Абхъазым и телеканалхэр къыщ1ызэІухын хуейуэ. Нобэ ди псэукІэр зыхуэдэр зыдгъалъу абыхэм я нэхъыбэр пщ1эдей адэжь щ1ыналъэм щ1ызэрыкІуэжьным пылъынущ. Мис апхуэдэ Іэмал ди къуэшхэм едмыту щ1ытмэ, иужькІэ ар тхуэгъэзэкІуэжьнукъым. Телеканалхэр къызэрызэІутхыну ахъшэр щ1ыпІэ бюджетым къыхэкІынущ», - къыхиригъащ Гогуа Сонер.

ХЬЭЩ1ЫКЪУЕЙ Олег.

(КІэухыр 2-нэ нап.)

Экономикэм и хэкІыпІэ бизнесым зегъэужьын

Ди газетым зэрытетащ, мэрем кІуам КъБР-м и Унафэщ1 Къанокъуэ Арсен Правительствэм и Уэрэм щ1ыгъэкІуэкІащ республикэм и Президентым деж Хьэрычэтыщ1э Іуэхуэхэмкіэ щы1э советым и з1ущ1э.

РЕСПУБЛИКЭМ и Унафэщ1ым зІуущІэр кьызэІуихри, къытеувыІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэр гъэлъэщ1ын папщІэ бизнес щ1ыкІумрэ хьэрычэтыщ1э Іуэхумрэ зегъэужьын зэрыхуейм, абы и лъэныкъуэкІэ нэхьыщхьэу гу зылытапхъэмрэ Іэмал имыІэу зэфІэгъэкІын хуейхэмрэ.

- Республикэм и бюджетым хохьэу, абы кьыдэкІуэу заужьын хуейщ бизнесымрэ хьэрычэтыщ1э Іуэхумрэ, ауэ а Іэнатіэм щекІуэкІ лэжьыгъэм арэзы утехьэркъым. Абы кьыдэкІуэу, иджырей бизнесыр япэкІ зыгъэкІуэтэн Іэщ1агъэлІхэр тхурикъуркъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм лъэщу зезыгъэІэтыфыну, хьэрычэтыщ1э щ1ыкІум республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьыдэ округхэмрэ зыщ1эзыгъэужьыфыну кадрхэр дгъэхьэзырын, ахэри, зэрыхьукІэ, зэхуэдэу тегуэшэн хуейщ. Урысейпсо, дунейпсо щ1ыналъэм кьытІаесу бизнес Іуэхур зэтедухуэну дыхуеІимэ, ахэр зезыгъэкІуэну І эщ1агъэлІхэр гъэхьэзырынымр кьалэн нэхьыщхьэщ, - жиІащ Къанокъуэ Арсен.

Президентым кьыхигъэщащ ди цІыхухэр лэжьыгъэм жуаугъэныгъэ хэльу зэрыбгъэдэмыкьэм зэригъэпІейтейр. ЛэжьапІэншэхэм иджыпсту хуагъэлъагъуэ ІэнатІэхэр уэим ящІ. Апхуэдэу щ1ыщ1ыкІэ, республикэм и заводхэр кьызэІуахьыжмэ, лэжьакІуэхэмкІэ гуГъуехьхэри щ1ыІэнущ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ щрикъум ирихьэлІэу республикэм иджыпсту лэжьыгъэщхуэ щокІуэкІ. Ауэ ятын хуей ухуэныгъэхэм лэжьакІуэхэр щ1ахурикъуркъым.

Республикэм и куейхэм мы зэманым гъэкьыгъэщхуэ щ1ояІуэкІ ирихоз, совхоз лъэлъэ жахэм егъэщ1ылІауэ щыта производственнэ псэуалъэхэр инвентаризацэ щ1ынымкІэ.

МЫ Іуэхум щеужьэрэкІ щ1ыпІэхэм ящ1ыщ1 Тэрч куейр. Район унафэщІхэм къызэралъытэмкІэ, псэуалъэ язынкьуэкъэр дяпэкІэ зи Іэмыщ1э илъынур ягъэбелджылынущ, ахэр зыхуей хуагъэзэнщ.

Мыпхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм и фІыщІэщ совхозым и фермэм пхъэщхьэмыщ1хь щ1ыпІэ сатущІапІэ къызэрыщ1эзэІуахар. Ар кьащхьэпащ мы гъэм бзэ яхуэхъуа хъарбызымрэ хъэуанымрэ и чэзум ящэнымкІэ. Игъуэу зэтрагъэпсыхьыжри, мэкъумэш техникэмкІэ районым и базэр консерв заводу яутІыпщ1ыжащ.

ЖАНІХЪУЭТ Зуэ.

Тэрч куей.

●Іуэху бгъэдыхьэкІэ

Псэуалъэ бгынэжахэр

Ди газетым зэрытетащи, ахэм я1ащІэкІ щ1ыпІэхэм я Зэгухьэныгъэм и хъэмадэ Бекъшокъуэ Алексей пэкІур зэхуІуащ.

Абы и псалъэм пищэу щ1ыщ щІэныгъэлІхэр, сурэтыщІхэр, скульпторхэр, журналистхэр, сурэттехэр, Сэрмакъ къуажэм щ1алажьэ «Додо-клаб» сабий щ1ыуэпс клубым хэтхэр, тхьэдэм дикьэхэр, Анзорей, Къэхъуэн, Псыгуэнсу къиІахэм къыздаша ныбжьыщІэхэр.

Гукъыдэжьшхуэ кьозыт махуэ уэфІдахэ къехьулІат екьэхэм. Илъэс 299-рэ и пэкІэ адыгэхэм лІыгъэ имыІэу щ1эрэхьа щІыпІэм нэса нэужь, Абхъазым щ1ызуэхэм я Зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Бекъшокъуэ Алексей** пэкІур зэхиубыдащ.

Абы и псалъэм пищэу икІи пщы уэлий ХьэтІохьъщокъуэ Кургъуокъуэ зи пашэ ди зауэлІкэм къарушхуэ зыбгъэдэлъ Къапшэнджэрий и дзэр хьэбэсабэ зэращІам и тхьдэр зекІуэм хэтхэм яхуиІуэтащ тхьдэ щІэныгъэхэм я доктор **Къущхьэбий Анзор**. ПэкІур зэфІэкІыхуу щхьэщыгум щ1ыхуарэз адыгэ ныпхэр куэдрэ яІэтащ, «Къэбэрдейм и Текіуэныгъэ Иныр - илъэс 300 », Къэнжал зауэр зэриухрэ илъэс 300 ирокъу» жьыхуиІэ псалъэхэр зытет плакатхэр яукъуэдиящ.

Хэкум и щхьэхуитыныгъэр зыхъуэма ди адзэкъэм я щ1ыхьыщ1 гъэльэпІэным теухуауэ лэжьыпхъэхэм я гугъу щащІым, Бекъшокъуэ Алексей къыгъэльэгъащ абы и пІэныкьуэкІэ Іуэхуэр зыунэтІыну «Жылагъуэ комитет-300» зыфІащар къызэрызэрагъэпэщар. Ар дагьІащ Къбр-м Щэнхабзэмрэ хъьбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министерствэм, Гуманитар къхэутІныгъэхэмкІэ институтым, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, нэгъэщІхэми.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик,
«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент.

Налшык-Къэнкал-Налшык.

Дигазетым зэрытетащи, езыхэм яфІэфІу Абхъазым и щхьэхуитныгъэм щ1эзэуа къэбэрдей щІапхэм я Зэгухьэныгъэм и жэрдэмкІэ, тхьэмахуитІ и пэкІэ щ1ыху гупыкфІ щ1ыІащ 1708 гъэм мин 50-м щ1игъу къырмыдзэр адыгэхэм щ1ызэтракъута Къэнжал щ1ынатъэм.

ЛІыгъэм и лъэужь

АБЫ щ1ыГъУЭ ираГъэ-ІуэкІа псалъэмакъым пащэну, къ1ухалъхьа Іуэхугъуэхэр щІагъэбыдэну щэбэт блэкІам, бадзэуэгъуэм и 21-м, а щ1ыпІэм нэхъыбэжьым трагъэзащ. Абхъазым щ1ыІа щІалэхэм я щ1ыгъуу автобусыщ1ухэхэмкІэ, нэхъ щ1ыкІуэхэмкІэ гъузэгу техьащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм хэтхэр, Гуманитар къхэутІныгъэхэмкІэ и институтым щ1ыщ щІэныгъэлІхэр, сурэтыщІхэр, скульпторхэр, журналистхэр, сурэттехэр, Сэрмакъ къуажэм щ1алажьэ «Додо-клаб» сабий щ1ыуэпс клубым хэтхэр, тхьэдэм дикьэхэр, Анзорей, Къэхъуэн, Псыгуэнсу къиІахэм къыздаша ныбжьыщІэхэр.

Гукъыдэжьшхуэ кьозыт махуэ уэфІдахэ къехьулІат екьэхэм. Илъэс 299-рэ и пэкІэ адыгэхэм лІыгъэ имыІэу щ1эрэхьа щІыпІэм нэса нэужь, Абхъазым щ1ызуэхэм я Зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Бекъшокъуэ Алексей** пэкІур зэхиубыдащ.

Абы и псалъэм пищэу теухуауэ лэжьыпхъэхэм я гугъу щащІым, Бекъшокъуэ Алексей къыгъэльэгъащ абы и пІэныкьуэкІэ Іуэхуэр зыунэтІыну «Жылагъуэ комитет-300» зыфІащар къызэрызэрагъэпэщар. Ар дагьІащ Къбр-м Щэнхабзэмрэ хъьбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министерствэм, Гуманитар къхэутІныгъэхэмкІэ институтым, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, нэгъэщІхэми.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик,
«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент.

Налшык-Къэнкал-Налшык.

Экономикэм и хэкIыпIэ бизнесым зегъэужьын

(КIуухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Iуэхущ1апIэхэм я лэжьыгъэм арэзы укъызэримыщIыж къыкIэльагъэрэ, абыхэм зэрызыщIагъэкIуэнымкIэ къыгъэлъагIо. Къаныкъуэ Арсен къызэрыкIуэщамкIэ, хьэрычэтыщIхэм я банк кредитхэм тель процентхэр ятыжьынымкIэ къэралыр ядэIэпыкъунуц, кредит мащIэхэр яритынымкIэ Iэнатlэхэр къызэIуихыжхэм, иужьрейуцIэ фейдэ кIыхь къудейм?. Ауэ, ищIэжIи къызэрыхъэгъэщащ, абы папщIэ проектышхэхэр зыхъуэгъэжьынымкIэ, зыхъуэгъэщIэну цIыхуу республикэм щIыIэр мащIэщ.

Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и рынок экономикэм папщIэ кадрхэр гъэхъэзырынымкIэ Къэбардей-Балъкъэрым и Президентым и программэм, 2007-2011 гъэхэм тещIыхьам, и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэльащ КъБР-м экономикэ зыужьынымкIэ сатумкIэ и министр **Мусуков Алий.** Кадрхэр гъэхъэзырынымкIи гугъу щищIым, абы жиIащ, программэм ипкъ иткIэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ щIалэгъуалэр бизнес-еджапIэхэм эзрагъэкIуэнур. Ауэ абы кIыхьитлъа бжыгъэр Президентым фIэмэщIащ икIи чэнджэщ яритащ цIыху 15-м и пэкIэ 50 ильэс кIэс еджакIуэ ягъэкIуэну.

Гулъыт зэха хуащIащ еджакIуэ ягъэкIуэнухэр кIэзырыхахыну щыкIэм. ЦIыхухэм зэхуэдэ хунтныныгъэ яIэи папщIэ, Советым хэтхэм кIыхьалъхьащ еджакIуэ ягъэкIуэнухэр кIыхьэшхыну комиссэм кIуэлыкъыщIэу хэтынур ягъэмащIэу бизнес зэгуэхынагъэм и лIыкIуэхэр нэхъыбэ ящIыну икIи ар Бахьнокъуэ Арсен ядиIыгъащ. ЕджакIуэ ягъэкIуэнухэм Iэмал имыIэу ящIэн хуейщ инджылызыбзэр икIи гупыр убзыхуныр абы нэхъ гугъу ещI. Президентым я Iуэхур зекIэльитгъэкIуэнир пшэрыльнъ хунщIащ мэкъумэш академиеи и ректор Жэрыкъуэ Борис.

Программэр гъэзэщIынымкIи ипкъ иткIэ ильэситхум къыриубыдэу экономист-финансист IэщIагъэлIу 1000 ягъэхъэзырынущ. Бизнес цIыкIум хэт цIыху 500-м я щIэныгъэм хагъэхъэзынущ, антикризис (арбитраж) Iуэху зехьэным теухуауэ цIыху 50 щеджэнущ дунейпсо еджапIэ центр ехьэжьахэу Бизнесымрэ финансымкIэ Лондон и школым, Кембриджи дэт бизнес-школым, иэгъэущIэхэм. Апхуэдэуи къызэрагъэпэщынущ еджапIэ нэхъыщхьэхэм, курыт Iэщ1агъэ щызэрагъэгъуэт еджапIэхэм я студентхэу, аужь къэзыухахэу цIыху 250-м щIигъу хъэрычэтыщIэ Iуэхум щыхуагъэхъэзырыну гъэмахуэ лагерхэр. Ильэситхум тещIыхьа Программэр пхыгъэкIыным теухуа проектыр ягъэхъэзыращ. Ар гъэзэщIынымкIи текIуэдзэнуц сом мелуауи 112,3-рэ. Мылъкур къыхэкIынущ федеральнэ, республикэ бюджетхэм.

ХъэрычэтыщIэ щIыкIуэм республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ зыщIегъэжьынымк1и теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэльащ Прохладнэ къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ **Сириц Дмитрий**, Бахьсэн, Аруан муниципальнэ район администрацэхэм я Iэтащхьэхэу **КIуэщIакIуэ Юрэ, Кьуэдей Руслан** сымэ.Ахэр кIэщIу къытеувыIащ я унафэм щIэт куейхэм хьэрычэтыщIэ Iуэхущ1апIэу щыIэр зыхуэдизымрэ абыхэм я Iуэху зэрыдэкIымрэ.

УЭРДОКЪУУ Женя.

Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм зэрIигъэкIащ къэкIуэну ильэситщым тещIыхьа федеральнэ бюджетым и проектым елэжьынур. 2008 гъэм Федеральнэ бюджетым и хэхъуэхэр сом триллиони 6,644-м, и хэщIэр сом триллиони 6,570-м, хъэхъуэхэр хэщIыкIэм нэхьрэ зэрыпэхьыбэр сом мелард 74, 1-м нэсын хуейщ. 2009 гъэм, а бюджетыжьэр зэрыдзэIэльыкIкIэ хъунущ: сом триллиони 7,465-рэ, сом триллиони 7,451-рэ, сом мелард 14,2-рэ. 2010 гъэм федеральнэ бюджетым и хэхъуэхэмрэ хэщIэхэмрэ зыхуэдизынущ -сом триллиони 8,089-рэ. Ди корреспондентыр Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкIэ и комиттетым и унафэщI Васильев Юрий епсэльащ 2008-2010 гъэхэм тещIыхьа бюджетым теухуауэ.

-Юрий Викторович, уэ узинунафэщI комитетым игъэхъэзыра бюджетхэм мыр етхуанэщ. Iу зыльытапхьэу сыт хэль абы, ильэсищым тещIыхьыжьа кIыхьымэмыщIауэ?

- Бюджетыр ильэсищым зэрытещIыхьар абы и нэщэнэ нэхъыщхьэщ. Иджы ди экономистхэм Iэмал ягъэуташ сыт хуэдэ Iэнатlэмэ трагъэкIуэдзнуи и план ильэсищкIэ ятэ ягу зэхащIэну, проектыгъэнесты и Iэнатlэхэу къэкIуэн нэхъ зиIэхэм я зыужьыныгъэр нэхъ Iупщу яубзыхуну. Апхуэдэ гъэпсыкIэм кърикIуэнущ бюджетым и хэхъуэр зыхуэзгъэнырт, щы дагъэмрэ газымрэ я ныхъкIуэу, атlэ къэралым промышленностым зэрызыщIужьым, хьэпшIыу къыщыщIагъэхьым, Iэхъутхъбзэу щалэжьым зыкъомкIэ ельытагъу щытынщ. Дыз1эрыщIагъэхэщ, У Ф-м и Президентым и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыухьа Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ стабилизацэ фондыр щIыхуэхэм я сэбэп хэлъу къэгъэсэбэпыныр, Кьапщтэмэ зыхэзгъэсыным пенсиэ яхуэгъэувыныр. Ильэсищым тещIыхьа бюджетым я Iуэхум трагъэкIуэдзну ахъшэр Iупщу къыщыщIэльэгъуауэ.

Стабилизацэ фондыр Гъэтlыльныгъэ фондрэ Льэпкъэ зыIуэзэщыныгъэмкIэ фонду зэкIэлъыкIуэр. Щы дагъэмрэ газымрэ къат хэхъуэхэр зэрызэрагъэкIуэкI щыкIэм хальхьэну зэхьэзыныгъэхэм я фыщIэкIэ хэщIынущ бюджетыр нэгъэущI къэралхэм я экономикэм и щытыкIэм, энергием и уасэм зэрепхам.

Щы дагъэмрэ газымрэ къат хэхъуэхэр иджы япэ дыдэу бюджетым Iыхьишу щыгуэшащ. Япэр, зэрызыкIащи, энергием и уасэр хуабжу щыуэгъуэ къэхъунущ, экономикэр абы щыхъуэжьынымкIэ щыкIэ зэрагъэпэщI гъэтIылъыгъэ фондырщ. Щы дагъэм, газым къапэкIуэ етIуанэ Iыхьэр федеральнэ бюджетым кIуэнущ социальнэ программэ инхэр гъэзэщIынымк1и трагъэкIуэдзэн щхьэкIэ. Адрей къаинэ Iыхьэр Льэпкъ зыIуэзэпэщынигъэмкIэ фондым ягъэкIуэнущ икIи абыкIэ къызэрэпэща хьэнущ бюджетыр пIалъэ кIыхькIэ зэпIэзэрыту щытынщ. А фондым и мылькуми къыхэкIыжу щIыхуэхэм я «пенсэ ахъшэр» зэхуэхьэса зэрыхъэнуцр. Араущ, шэч къытомыхьэу жыпIэ хъунущ ильэсищ пIалъэ бюджетым социальнэ унэтIыныгъэ иIэу. «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым Къэрал Думэм щиIэ фракцэм хэт депутатхэм яхуэзэфIэкIащ зэбгъэтIылъэкI мыхъуну социальнэ Iуэхугъуэхэм трагъэкIуэдзэнухэмкIэ статья псори ильэсищ бюджетым кагъэхьэну. ГугъапIэ щыIэщ бюджет лэжьакIуэхэм я лэжьапщIэм 2008-2010 гъэхэм зэпIэзэрытеу хэхъуэну. Лэжьапщ1э нэхъ мащIэ дыдэу цIыхухэм яIэрыхьэр 2011 гъэм ирихьэлIэу лэжьакIуэ цIыхур псэунымкIи я хьэну. ГугъапIэ щыIэщ бюджет лэжьакIуэхэм я лэжьапщIэм 2008-2010 гъэхэм зэпIэзэрытеу хэхъуэну. Лэжьапщ1э нэхъ мащIэ дыдэу цIыхухэм яIэрыхьэр 2011 гъэм ирихьэлIэу лэжьакIуэ цIыхур псэунымкIи я лъэныкъуэкIэ нэхъ мащIэ дыдэу цIыхуитхэм яIэрыхьэр ящIыну. Ильэсищым нагъэсыну я мурадщ. Iуэхугъуэ хэхъуэ щытыр демографие щытыкIэр къэралым щегъэфIэкIуэнир. Къыптпэщыт ильэсищыращ «анэ ахъшэрэ» щатынт куейр. Демографием ехьэлIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр зэфIэгъэкIыным процэнт зэхэту хуэхах сом мелардитI 181,5-рэ. Бюджетым щелэжьым «Зыуэ щыт Урысей» фракцэм хьихьэ депутатхэм атмуэдауи зрагъэхьулIащ егъэджьнытэм, щэнхабзэм, узынщагъэр хьумэным хухах ахъшэр нэхъыбэ ящIынур. «Егъэджьнытэ» Iыхьэм хухахыну ахъшэр адрейхэм ялъытауэ нэхъыбэщ - ильэсищым къуриубыдэу ар сом мелард 17,8-м нэсынущ. 2008 гъэм фокIадэм и 1-м щыIщIэзауэ стипендиехэр нэхъыбэ я ящIын щхьэкIэ ар гуэру сом мелардитI 2,7-рэ, 2009, 2010 гъэхэм - сом мелардитI 8,2-рэ хухахынущ. «ЩIэнхабзэ» Iуэхум нэхъапэхэм ельытауэ сом мелардитI 6,3-кIэ нэхъыбэ хухахыну я мурадщ. НыкъуэдыкIуэ хэр транспорткIэ къызэрэпэщынымкIи хухахам аргуэру хуущIагъ. Псори зэхэту ту ильэсищым а мурадхэм сом меладри 2,8-рэ хухахынущ.

- Дыз1эрыщIагъэ1эщи, Думэм уэ ди республикэм уи нэIэ нэхъ щытетщ икIи дощI эи щыпIэм и цIыхухэм я лъэIухэр гулъытэнщэу къыз1эрорыгъанэрэ, экономикэ, социальнэ IуэхугъуэхэмкIэ республикэм и сэбэп зыхэлъхэр Федерацэм щыпхыгъэкIыным сыт щыгъуи нужь уэзритыр. Федеральнэ бюджетым кыхэкIыну Къэбардей-Балъкъэрым ахъшэ сыт хуэдэ щыкIэкIэ къыIэрыхьэну?

- Псом апэрауэ, щыпIэр бюджеткIэ къызэрэпэщIэгъэпэщар адрейхэм хуэдэ щыпIэм щхьэкIэ республикэм ират дотацэр сом мелуан 697-кIэ нэсыжьэ ящIынущ икIи а бюджетыр 2008 гъэм сом меларди 5-рэ мелуан 984-м, 2010 гъэм - сом меларди 6-рэ мелуан 850-м нэсынущ. Республикэм дежкIэ нэхъ зи чэзу щыIэ щыт Iуэхугъуэхэм зыщIэн зыгъэгуэкр. Псоми къагъэсэбэп автомобиль гъэтхъэгъэ, абыхэм я Iуфэ хэм Iут сооружен Iэрыщ1эхэр ухуэным, реконструкцI щыным, федеральнэ программэ хэхам хьэу зэфIагъэкIэм, 2007 гъэм сом мелуан 325-рэ хухахауэ щытамэ, 2008 гъэм а бжыгъэр сом мелуан 350-м нагъэсынущ. НэгъуэщI жыIпIэмэ, я мурадхэм трагъэжьэгъуэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр, нэгъуэщIхэри псом я дежкIи гъэщIэгъуэну щытыну ущыгугъуэ хьунущ. Ар Урысейм и тхыдэм щыIу Iыхьэу, урысей къэралыгъуэр зэфIэувэн щхьэкIэ мыхьэнэщхуэ зиIэ лъэхъэнэу щыту республикэм и тхыдэр зыгъэбжьыдзэ махуэщхуэу щыIэр щIэныгъэхэр, нэгъуэщIхэри псом я дежкIи гъэщIэгъуэну щытыну ущыгугъуэ хьунущ. Ар Урысейм и тхыдэм щыIу Iыхьэу, урысей къэралыгъуэр зэфIэувэн щхьэкIэ мыхьэнэщхуэ зиIэ лъэхъэнэу щыту республикэм и тхыдэр зыгъэбжьыдзэ махуэщхуэу щыIэр щIэныгъэхэр, зэпэуэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр, нэгъуэщIхэри псом я дежкIи гъэщIэгъуэну щытыну ущыгугъуэ хьунущ. Ар Урысейм и тхыдэм щыIу Iыхьэу, урысей къэралыгъуэр зэфIэувэн щхьэкIэ мыхьэнэщхуэ зиIэ лъэхъэнэщ щыту республикэм и тхыдэр зыгъэбжьыдзэ махуэщхуэ

Іуэрыіуатэ - дыщэ пхъуантэ

Уи фІэщ хъуа иджы!

ДЗЫГУАЩЭ ежьауэ губгъуэм здитым, Нэгей и кьуэ Лъэпщагъуэ асльэным Іууащ. Асльэн домбейм щыІуплъэм, джэдум и псэр Іукіащ.

- Эбыт лъэпкъ, дэнэ укъикІа? - жиІащ Нэгей и кьуэм, и гур кьыззрыгъуэтыжа нэужь.

- Щым и гъунэм сыкьикІащ, - жиІащ асльэным. - ГъэпцІэкъуэ мэзым ди лъэпкъэгъу щІэсщ жаІэу зэхэсхырти, лъагъунльагъу сІыкъэкІуащ.

- Жкыізыкіэ лъыкіуэм урихьэ ліащ, -жиІащ Нэгей и кьуэ Лъэпщагъуэ. - Уэрэ сэрэ дызэрызэлъэпкъэгъуэ зэхэсхащ сэри.

- Уэ цыкІужьеймрэ сэри?- игъэщІэгъ ащ асльэным. - Ди лъэпкъэгъуэм фэ нэхъ ятет си гугъати.

- СызэрыщыкІур умыгъэщІагъуэ, - жиІащ джэдум. - Сыцыкіу щхьэкіэ, сыкъикІуэтынукъым.

- Сыт уи лІыгъэ? - кьеупщІащ асльэныр.

- ЛІыгъэм щІэупщІэркъым, лІыгъэр ягъэужьнэку, -жиІащ Нэгей и кьуэм. - Уи фІэщ мыхъумэ, уи нэгу щІэзгъэкІынщ. Сэ кьыісщымышынэрэ кьыісфІэмылІыкІрэ щІэскъым мы мэзым.

Асльэныр зыщІигъуэмэ, кьыпзувын мэзым зэрыщІэмысыр кьыгурыІащ Нэгей и кьуэ Лъэпщагъуэ. И гур кьыізрыгъуэтыжыпати, джэдум жиІащ:

- Накіуэ, си ужь кьиуви, мэзым дыщыхьэнщ: мышэри, кхъуэпІащэри, дыгъужьри зэрызгъащтэр уэзгъэлъагъунщ.

- Накіуэ,- жери асльэныр Нэгей и кьуэ Лъэпщагъуэ и ужь иуващ.

Асльэнымрэ джэдумрэ мэзым щІэтурэ, мыщэгъуэ ирихьэлІащ.

- Мыщэжь, - джащ Нэгей и кьуэ Лъэпщагъуэ. - Уэракъэ жыхуэсІэр!

Мыщэр гъунэм кьиплъащ, асльэным кьыщыІуплъэм, и цыр уащ.

- ХьэщІэ уиІэщ! -жиІащ Нэгей и кьуэм. - Мы си гъуэр щым и гъунэм кьыізэрикІар пщІэрэ? Лъагъунльагъу кьытхуэкІуащ.

- Уэуэу! -жери гъуэм кьицІэфтащ мыщэр, и цыр урауэ кьуэм зыдидзащ.

- Уи фІэщ хъ уа? Мыщэм и псэр Іусхакъэ!

- Си нэкІэ сымыльэгъуатэмэ, си фІэщ хъунтэкъым, си щынэхъыщІэ, - жиІащ асльэным.

- КхъуэпІащэми аращ есщІэнур,- жери Нэгей и кьуэм асльэныр иришэжьащ, кьуэм дыхьэри джащ:

- КхъуэпІащэжь, хьэщІэ кьыпхуэсшащ! Щым и гъунэм кьикІа хьэщІэ!

Батыргъэн лъабжьэм щІэльти, асльэным кьыщыІуплъэм, кхъуэпІащэм и псэр Іукіащ. И щхьэр пабжьэм кьыхигъэжри, кхъуэпІащэм жиІащ:

- Мы сльагъур дэнэ кьикІа хьэкІэкхъуэкІэ? Мыра хьунщ кІэ кьыдзэытынур!

Зричри, кхъуэпІащэм кІэбгъу зищІащ.

-Тобэ! Тобэ! -жиІащ асльэным. -КхъуэпІащэри бгъэщтащ.

- Абы и закъуэкъым, сгъэщтэнур, - жиІащ Нэгей и кьуэм. - Накіуэ, дыгъужьым есщІэри уэзгъэльагъунщ.

Лы цынэжІэ зигъэнщІауэ, дыгъужьыр Іуащхьэм тІлът.

- Дыгъужьыжь! - джащ Нэгей и кьуэр. - ХьэщІэ кьыпхуэсшащ, егъэблагъэ!

Щхьэкъуэати, кьызэщыурі, и нэм щІэІуэтыхьащ дыгъужьыр, асльэным кьыщыІуплъэм, кьыщылъэтащ.

- Уанэ мыгу эр щытетлъхьа мажи нобэ! - жери дыгъужьыр джабэм кІэрылъэдэжащ.

- Кьысщымышынэ мы мэзым зэрыщІэмысыр уи фІэщ хьуа иджы? - жиІащ Нэгей и кьуэм.

Асльэным и щхьэр игъэкІэрэхъуащ.

- Тобэ! Т обэ! Си нэгу щІэбгъэкІар сыт телыджкэ ! Фэ уэзмыплъа щхьэкІэ, убэлъых гуэри уэ! Мис иджы си фІэщ дыдэ пщІащ! уэрэ сэрэ дыізэрызэлъэпкъэтыр. Сигу зэгъэуэ, щІым и гъунэм згъэзэжынущ. Уэ ущытепщэм сэ щысщІэн щыІэкъым,- жери асльэныр ежьэжащ.

Сосрыкъуэ

ФІыгъуэр зэрагуэш

● Нарт хъыбар

ГЪУД КЪАЛЭ якъутэн мурад щащІым, нартхэ Сосрыкъуэ ирагъэджащ:

- Гъуд къалэ ткъутэнурэ, фІыгъуэу дэлъыр къыдэтхынущ, ныддежьэ, - жари.

- Сэ сыкъэзыщІэ Гъуд къалэ дэсщ, ягу кьызэбгъэнщ, -идакъым Сосрыкъуэ.

Нартхэ ежьэри, Гъуд къалэ якъутащ, фІыгъуэу дэлъыр къыдахри, къагъэзэжащ. ЗэхэтІысхьэри, фІыгъуэр ягуэшын щІадзауэ зэщцыхьэжащ. Щызэщцыхьэжым, Сосрыкъуэ хуаІуэхуащ:

- Гъуд къалэ къыдэтха фІыгъуэр тхуэгуэш, - жари.

Нартхэ яхьыхэри, Гъуд къалэ къыдаха фІыгъуэм хэпльащ Сосрыкъуэ. Гъуд къалэ къыдахам зы фэ Іэнэжь, зы щІопщ пагуэжь, зы псырыкІуэ вакъэжь хэльт. ЩІопщ пагуэжьымкІэ фэ Іэнэжьым утеуІуэмэ, фэ Іэнэжьым узыхуей шхыныгъуэр игуэшурэ, щІопщ пагуэжьыр къыхэкІащ. Сосрыкъуэ и шыхъуэри щІыгъути, щІопщ пагуэжьыр шыхъуэм хуишиящ:

- Уэ ушыхъуэщ, мыр къыпщхьэпэнщ, - жери.

- ЕІ!-жери къыхэкІиикІащ Сосрыкъуэ. - Фхуэзгуэшынипэ фи жьэр щымрихи, фыкъетІысэкІ. ЩыфхуэзгуэшкІэ къыхэкІиикІ къыхэкІмэ, и нэр ифщІ.

- Хъунщ, итщІынщ, - жаІащ нартхэм.

Я жьэр щапхэри, нартхэр къетІысэкІащ.

Гъуд къалэ къыдаха фІыгъуэр игуэшурэ, фэ Іэнэжьыр къыхэкІащ. Сосрыкъуэ и пщафІэр щІыгъути, фэ Іэнэжьым хуриГъэтІылъэкІащ:

- Уэ упщафІэщ, мыр къыпщхьэпэнщ, - жери.

- ЕІ! - жери зы къыхэкІиикІащ.

Абы къыфІигъэкІакъым: къыфІигъэкІамэ, и нэр хуращІынут.

Сосрыкъуэ къуентхъыр къытехъуэрт. ПсырыкІуэ вакъэжьым уиувэмэ, псы щыІум ущызекІуэ хъурт.

- ФІыгъуэр фхуэзгуэшынщ, - жиІащ Сосрыкъуэ. - Фхуэзгуэшынипэ фи жьэр щымрихи, фыкъетІысэкІ. ЩыфхуэзгуэшкІэ къыхэкІиикІ къыхэкІмэ, и нэр ифщІ.

- Хъунщ, итщІынщ, - жаІащ нартхэм.

Я жьэр щапхэри, нартхэр къетІысэкІащ.

Гъуд къалэ къыдаха фІыгъуэр игуэшурэ, фэ Іэнэжьыр къыхэкІащ. Сосрыкъуэ и пщафІэр щІыгъути, фэ Іэнэжьым хуриГъэтІылъэкІащ:

- Уэ упщафІэщ, мыр къыпщхьэпэнщ, - жери.

- ЕІ! - жери зы къыхэкІиикІащ.

Абы къыфІигъэкІакъым: къыфІигъэкІамэ, и нэр хуращІынут.

Сосрыкъуэ и ужь ящІ, Гъуд къалэ къыдахам я нэхъ щІагъуэр яфІихьри.

Дыжь джэдыгу

ХЪУПІЭР кьиущыхьэрэ, дыгъужьыр зы гъэлъэхъу ирихьэлІащ. «Къущхьэхъу кьиізэрехьыж лъандэрэ сощ мы гъэлъэхъум. Нобэ усІэщІэкІмэ, си напэр фІыцІэщ, - гуфІащ дыгъужьыр. - Себзэджэкіынщі, Іуспіэнщ».

Дыгъужьыр гъэлъэхъум щІэгубжьащ:

- Уэра си дыжь джэдыгур зыдыгъуар? - жери.

- Сыт дыжь джэдыгу? - и нэр кьихуащ гъэлъэхъум.

- Дыжь джэдыгур пщыгщ, аращ жьыхуэсІэр!

- Сщыгъкъым, - жиІащ гъэлъэхъум. - Дыжь джэдыгу жьыхуэпІэр си фэращ.

- Зэрынапэншэ мыр, - жери дыгъужьыр гъэлъэхъум бгъэдэкІуэтащ.

Гъэлъэхъур дыгъужьым пэуващ:

- Уи джэдыгу слъэгъуакъым сэ. Хъуакіуэ сыкъежьащ, скІэрыкІ, - жери.

- ЩІымахуэр кьэсащ, - жиІащ дыгъужьым. - Джэдыгу сщымыггъмэ, щыІэм сиуКІынущ. Хъуакіуэ укъежьакъым уэ, дыгъужьыр укъежьащ. Си дыжь джэдыгури зыдыгъуар уэращ. Щыхьэт сиІэщ.

- Хэт уи щыхьэтыр?

- Си гъунэгъур си щыхьэтщ, - жиІащ дыгъужьым. - Сыкіуэнщи, сыкъеджэнщ.

- КІуэ, кьеджэ.

- Сыкъеджэнщ. Си щыхьэтыр кьэсшэху, уи пІэ уимыкІ.

- Хъунщ, сикІынкъым.

Дыгъужьыр мэзым хэльэдэжащ. Заул дэкІри, зы дыгъужь кьызыщІигъауэ кьиГъэзэжащ.

- Мис си щыхьэтыр, - жиІащ дыгъужьым. - ПцІы кьыпхуиупсынукъым, мыбы нэхъ пэж жызыІэ щІэскъым мэзым.

Дыгъужьым и щыхьэтыр гъэлъэхъум бгъэдыхьащ.

- Нэгъабэ фи анэшым пх урагъэда дыжь джэдыгуракъэ жызоІэ мы гъэлъэхъум щыгъыр? - жиІащ дыгъужьым и щыхьэтым, гъэлъэхъур зэпиплъыхьа нэужь.

- Упсэу. Уэзрыіуплъэу кьэпцІыхужащ. ХьэщІапІэ сызэрыкІуэр мы дыжь джэдыгурати, гъэлъэхъум сфІидыгъуащ, - жиІащ дыгъужьым. - Сыт хуэфащэ мы гъэлъэхъум?

- Дыгъум хуэфащэр пщІэркъэ: кьидыгъуар ирагъэпшыныж. Абыи кьыщанэркъым, - жиІащ щыхьэтым.

Си гум укъишхыдыкІащ, си гъунэгъужь, - жиІащ дыгъужьым. Къезгъэпшынымжым кьыщыізнэнукъым...

- Сыт-тІэ кьызэпщІэнур? - къэгъэзващ гъэлъэхъур.

- УэсщІэнур пщІэркъэ: усшхынущ, - и дзэр зэрігъэшхащ дыгъужьым.

- Уи щыхьэ три уэри фызэхуэдэщ, тІури фыхьэрэмышхщ, - жиІащ гъэлъэхъум. - Хьэрэм сыфхухъу.

Дыгъужьым и щыхьэтыр мэзым щыхьэжащ.

- ФІырыфІкІэ кьызэптыжынукъым си дыжь джэдыгур? - жери дыгъужьыр гъэлъэхъум пэтІысащ.

- Сыт фыщІызэдауэр, фхуэзэрымыгъэгуэшыр сыт? - кьеупщІащ бажэр, кьабгъэдыхьэри.

- Си дыжь джэдыгур зыдыгъуар кьысІэрыхьащи, езгъэпшыныжынущ, - жиІащ дыгъужьым.

Бажэр гъэльэхъум еупщІащ:

- Ара епщІар? Мы дыгъужьыжьым и джэдыгур къэбдыгъуа?

- Дыгъужьым и джэдыгу къэзмыдыгъумэ, сщыгъын згъэутырыкъэ сэ? - жиІащ гъэлъэхъум. - Пцы кьыстрелъхьэ, сишхын мурад ищІащи.

- Дыгъужьыжь, - жиІащ бажэм, - мы гъэлъэхъум уи дыжь джэдыгур зэридыгъуамкІэ тхьэ кьысхуэпІэн?

- ПхуэсІэнщ. Тэтэртуп нэс сынысбдэкІэущи, пхуэсІуэнщ! - жиІащ дыгъужьым.

- Тэтэртуп нэс дыщІэкІуэн щыІэкъым, - жиІащ бажэм. - Тхьэ зэрауэ я мывопщІэр мобдей хэльщи, накіуэ.

- Дыгъужьыжьмрэ гъэлъэхъумрэ зыщІегъури, бажэр пабжьэм хохьэ. Щакіуэм пабжьэм хигъэува къэпхъэным бгъэдишэри, бажэм жиІащ:

- Тхьэ зэрауэ мывопщІэрац мыр. ЖыпІэр пэжмэ, хьэмбыІу тІыси, уи щхьэр мы мывопщІэм дэлъхъэ: жыпІэр пщІырэ пэжрэ зэхигъэкІынущ абы.

Дыгъужьым и щхьэр кьапхъэным дилъхьащ.

- Мо гъэлъэхъум щыгъ дыжь джэдыгур сысымейм, си гъунэм сынимыхьэсыжкІэ! - жиІащ дыгъужьым.

- Унрихьэсыжьнукъым, - жери бажэм кьапхъэным кьиГъэпкІащ.

Дыгъужьыр кьапхъэным иубыдащ.

- Аращ, гъэлъэхъужь, абы хуэфащэр. Щакіуэр къэсмэ, дыгъужь пцІыупсым и унафэр ищынщ, - жери бажэр губгъуэм илъэдэжащ.

Гъэлъэхъур хъупІэм ихьэжащ.

Уи фІэщ хъуа иджы!

ДЗЫГУАЩЭ ежьауэ губгъуэм здитым, Нэгей и кьуэ Лъэпщагъуэ асльэным Іууащ. Асльэн домбейм щыІуплъэм, джэдум и псэр Іукіащ.

- Эбыт лъэпкъ, дэнэ укъикІа? - жиІащ Нэгей и кьуэм, и гур кьыізэрыгъуэтыжа нэужь.

- Щым и гъунэм сыкьикІащ, - жиІащ асльэным. - ГъэпцІэкъуэ мэзым ди лъэпкъэгъу щІэсщ жаІэу зэхэсхырти, лъагъунльагъу сІыкъэкІуащ.

- Жкыізыкіэ лъыкіуэм урихьэ ліащ, -жиІащ Нэгей и кьуэ Лъэпщагъуэ. - Уэрэ сэрэ дызэрызэлъэпкъэгъуэ зэхэсхащ сэри.

- Уэ цыкІужьеймрэ сэри?- игъэщІэгъ ащ асльэным. - Ди лъэпкъэгъуэм фэ нэхъ ятет си гугъати.

- СызэрыщыкІур умыгъэщІагъуэ, - жиІащ джэдум. - Сыцыкіу щхьэкіэ, сыкъикІуэтынукъым.

- Сыт уи лІыгъэ? - кьеупщІащ асльэныр.

- ЛІыгъэм щІэупщІэркъым, лІыгъэр ягъэужьнэку, -жиІащ Нэгей и кьуэм. - И щхьэр пабжьэм кьыхигъэжри, кхъуэпІащэм жиІащ:

- Мы сльагъур дэнэ кьикІа хьэкІэкхъуэкІэ? Мыра хьунщ кІэ кьыдзэытынур!

Зричри, кхъуэпІащэм кІэбгъу зищІащ.

-Тобэ! Тобэ! -жиІащ асльэным. -КхъуэпІащэри бгъэщтащ.

- Абы и закъуэкъым, сгъэщтэнур, - жиІащ Нэгей и кьуэм. - Накіуэ, дыгъужьым есщІэри уэзгъэльагъунщ.

Лы цынэжІэ зигъэнщІауэ, дыгъужьыр Іуащхьэм тІлът.

- Дыгъужьыжь! - джащ Нэгей и кьуэр. - ХьэщІэ кьыпхуэсшащ, егъэблагъэ!

Щхьэкъуэати, кьызэщыурі, и нэм щІэІуэтыхьащ дыгъужьыр, асльэным кьыщыІуплъэм, кьыщылъэтащ.

- Уанэ мыгу эр щытетлъхьа мажи нобэ! - жери дыгъужьыр джабэм кІэрылъэдэжащ.

- Кьысщымышынэ мы мэзым зэрыщІэмысыр уи фІэщ хъуа иджы? - жиІащ Нэгей и кьуэм.

Асльэным и щхьэр игъэкІэрэхъуащ.

- Тобэ! Т обэ! Си нэгу щІэбгъэкІар сыт телыджкэ ! Фэ уэзмыплъа щхьэкІэ, убэлъых гуэри уэ! Мис иджы си фІэщ дыдэ пщІащ! уэрэ сэрэ дызэрызэлъэпкъэтыр. Сигу зэгъэуэ, щІым и гъунэм згъэзэжынущ. Уэ ущытепщэм сэ щысщІэн щыІэкъым,- жери асльэныр ежьэжащ.

Іуащхьэмахуэ. *Сурэтхэр* АБАЗЭ Хьэмыщэ *ищІащ.*

● Пасэрейм жиІащ

Ямпэ джэлам ущІэмытнакІэ

♦Мыгъуагъэр къэкІуэгъуафІэ щхьэкІэ, кІуэжьыгъуафІэ-къым.
♦Дунейр чэзущ.
♦Гур зэщыпІтымэ, нэр мэпІтакъуэ.
♦УзыхапІыкІа лІэщІыгъуэ и дамыгъэ кьыптонэ.
♦Удэхуэха нэужь бгъуэтыжьыр уи ныбжьэгъущ.
♦Уи жагъуэгъум уи псэр ептми, уи щхэу йомыт.
♦Фіым уеджэмэ, фіы къокІуэ, мыгъуэм уеджэмэ, мыгъуэ уокъу.
♦ІэщІэ зыгъэдалъэм илъ яп мажэ.
♦Хамэ хэку сыщытхъэ нэхъэ, си хэкужь сыщылІэ.
♦Щыгъуэ щэ мэчэнджащэ.
♦Ямпэ джалэм ущІэмынакІэ.
♦Щытхъуакіейрэ убыкіейрэ зэкуэдэщ.
♦ЩІакіуэ нэхъэрэ уэшх нэхъ благъэщ.

НАРТХЭ якърагаджэри, Бэдынокъуэ и адэр Алыджхэ я унэм ирашащ. Нартхэ я санэхуафэти, жэщибл-махуибл кІэ зэхэсащ. Бэдынокъуэ и анэр кьеджащ:

- Уи адэр жэщибл-махуибл хъуауэ къэтщ, жагъуэгъу и куэдщ, убзлэрыгъэр жызоІэ, - жери.

Бэдынокъуэ шэри, гъуэгу техьащ. И щыгъум бгъитІ щохуарэз, и бгъуитІым хьэ самыр щоджэгу, зэ пкІэмэ, зэ малъэ, зэ лъэмэ, пльагъужыркъым, шы пщІэгъуэплъ псыгъуэм и пэбзийм кьрих мафІэм гъуэгунапщІэ удыр елыгъуэ.

КІуэм-лъэурэ, гъуэгущхьиблыр щызэхэкІым нартхэ я Іэхъуэм щрихьэлІащ Бэдынокъуэ.

- Бохъу апщий, Іэхъуэ цІыкІу! Нартхэ я хьыбар кьызжеІэ, - ирихулІащ Бэдынокъуэ нартхэ я Іэхъуэм.

- Махуэм сыІэхъуэщ, жэщым сыхьэдэ хъурейщ - нартхэ я хьыбар сэ дэнэ щысщІэн? -кьыжриІащ Іэхъуэм.

- Нартхэ я хьыбар умышІэмэ, гъуэгущхьиблым щхьэ утет? - Іэхъуэм хуидьри, блэкІащ Бэдынокъуэ. Зы теуэгъуэ икІуауэ, Іэхъуэр кьыкІэльыджащ:

- Фыз хьыбарщ жумыІэмэ, зы хьыбар бжесІэщ. Нартхэ я санэхуафэщ, Алыджхэ щызэхэсщ, вы ехъуар я нышщ, гъэлъэхъу пшэрыр я шыпсщ, уахьихьэмэ, лей плъагъунщ жызоІэ.

- Алыджхэ я унэм сыщыгъэгъуазэ.

Пщащэр Бэдынокъуэ пежьащ:

- Нартхэ ди Бэдынокъуэ, нартхэ ди лІы икъугъэ, мыр Сэтэней гуащэ и унэщ, унеблагъэмэ, хьэщІэ утщІынщ, вы гъуабжэжьыр ди ныщщ, санэхубжьэр ди кІадэщ, тхъэІуХуудыр ди гуащэщ, - жери.

Шыр зэтрийбыдэри, Бэдынокъуэ пщащэм мыр кьыжриІащ:

- Фи санэхэу кІадэм дзыгъуэр хьулІэ, фи вы гъуабжэжьыр псэхэлІэ ухьу, фи тхьэІуХуудым сэ сыхурелІэ: сыефакІуэ-ешхакІуэкъым, сылэгъуакІуэ щауэкъым, сыхьэхуншэ шущ, нарт щауэгъу солъыхьуэ.

Нарт щауэгъу улъыхьуэмэ, Сосрыкъуэ деджэнщ, - кьыжриІащ пщащэм.

- Хьуагъэщагъэ и башщ, ар щауэгъу схуэхъункъым,- жери Бэдынокъуэ блэкІащ.

Алыджхэ нэсри, Бэдынокъуэ и пцІэгъэуплъыр бжэІупэм щІигъэтхъуащ, санэхуафэм щахыхьэм, блащхъуэжьей хагъэтІысхьэри, бжьэ кьратащ.

Блащхъуэжьейр фальэм и Іум пащІэкІитІкІэ иріулІри, Бэдынокъуэ санэм ефащ, и адэр жьантІэм дэсти:

- Ирикъункъэ Алыджхэ я унэ уэзрисар,-жери нартхэ я санэхуафэм кьахишыжащ.

Зэ лъэмэ, плъагъужыркъым

- Алыджхэ я унэр унэ хужь кІыхьщ, - кьыжриІащ Іэхъуэм, - унэ кьеБэ-небэщ, унэ щІэсэныбэщ. ГъуэгущхьІум тетщ, ихьэмрэ икІымрэ бжэІупэр ягуауэ бдзантхьэ ятІэщ, уэхэмкІыфмэ, уукІытэжынщ.

- Баню пІурауЛъэфи! - жери, Бэдынокъуэ блэкІащ.

Здэкіуэм, псыхъэ кьежьауэ пщащэ ирихьэлІащ. Шур кьыщилъагъум, пщащэр Сэтэней дедж жащ:

Сэтэней гуащэ, гуащэм я лей, зы шу кьокІуэри, хуэдэ уэри плъэгъуакъым, сэри слъэгъуакъым! - жери.

- Сыт и зекІуэкІэ, сыт и шыфэлІыфэ? - кьеупщІащ Сэтэней гуащэ.

И пэкІэ пшагъуэ гуэрэщ, и ужьым къуанщІэр ищІащ, - кьыжриІащ пщащэм. - И шабзащхьэ мэзышхуэ хуэдэщ, и дамэ ижьым дыгъэ щопс, и дамэ сэмэгум уэф щох, и шхуэмылакІэр дыжьын зэрылэщ, езым зелыгъуэгуэр, уанэгум исщ, маскІэр кьыІурех, дыгъэр и щхьэщыгуащ, и щхьэр уэгум етащ, бжьэ кьратащ.

Блащхъуэжьейр фальэм и Іум пащІэкІитІкІэ иріулІри, Бэдынокъуэ санэм ефащ, и адэр жьантІэм дэсти:

- Ирикъункъэ Алыджхэ я унэ уэзрисар,-жери нартхэ я санэхуафэм кьахишыжащ.

Дыжь джэдыгу

ХЪУПІЭР кьиущыхьэрэ, дыгъужьыр зы гъэлъэхъу ирихьэлІащ. «Къущхьэхъу кьиізэрехьыж лъандэрэ сощ мы гъэлъэхъум. Нобэ усІэщІэкІмэ, си напэр фІыцІэщ, - гуфІащ дыгъужьыр. - Себзэджэкіынщі, Іуспіэнщ».

Дыгъужьыр гъэлъэхъум щІэгубжьащ:

- Уэра си дыжь джэдыгур зыдыгъуар? - жери.

- Сыт дыжь джэдыгу? - и нэр кьихуащ гъэлъэхъум.

- Дыжь джэдыгур пщыгщ, аращ жьыхуэсІэр!

- Сщыгъкъым, - жиІащ гъэлъэхъум. - Дыжь джэдыгу жьыхуэпІэр си фэращ.

- Зэрынапэншэ мыр, - жери дыгъужьыр гъэлъэхъум бгъэдэкІуэтащ.

Гъэлъэхъур дыгъужьым пэуващ:

- Уи джэдыгу слъэгъуакъым сэ. Хъуакіуэ сыкъежьащ, скІэрыкІ, - жери.

- ЩІымахуэр кьэсащ, - жиІащ дыгъужьым. - Сыт и щыгъуэ? - и нэр кьихуащ гъэлъэхъум.

- Сыт фыщІызэдауэр, фхуэзэрымыгъэгуэшыр сыт? - кьеупщІащ бажэр, кьабгъэдыхьэри.

- Си дыжь джэдыгур зыдыгъуар кьысІэрыхьащи, езгъэпшыныжынущ, - жиІащ дыгъужьым.

Бажэр гъэльэхъум еупщІащ:

- Ара епщІар? Мы дыгъужьыжьым и джэдыгур къэбдыгъуа?

- Дыгъужьым и джэдыгу къэзмыдыгъумэ, сщыгъын згъэутырыкъэ сэ? - жиІащ гъэлъэхъум. - Пцы кьыстрелъхьэ, сишхын мурад ищІащи.

- Дыгъужьыжь, - жиІащ бажэм, - мы гъэлъэхъум уи дыжь джэдыгур зэридыгъуамкІэ тхьэ кьысхуэпІэн?

- ПхуэсІэнщ. Тэтэртуп нэс сынысбдэкІэущи, пхуэсІуэнщ! - жиІащ дыгъужьым.

- Тэтэртуп нэс дыщІэкІуэн щыІэкъым, - жиІащ бажэм. - Тхьэ зэрауэ я мывопщІэр мобдей хэльщи, накіуэ.

- Дыгъужьыжьмрэ гъэлъэхъумрэ зыщІегъури, бажэр пабжьэм хохьэ. Щакіуэм пабжьэм хигъэува къэпхъэным бгъэдишэри, бажэм жиІащ:

- Тхьэ зэрауэ мывопщІэрац мыр. ЖыпІэр пэжмэ, хьэмбыІу тІыси, уи щхьэр мы мывопщІэм дэлъхъэ: жыпІэр пщІырэ пэжрэ зэхигъэкІынущ абы.

Дыгъужьым и щхьэр кьапхъэным дилъхьащ.

- Мо гъэлъэхъум щыгъ дыжь джэдыгур сысымейм, си гъунэм сынимыхьэсыжкІэ! - жиІащ дыгъужьым.

- Унрихьэсыжьнукъым, - жери бажэм кьапхъэным кьиГъэпкІащ.

Дыгъужьыр кьапхъэным иубыдащ.

- Аращ, гъэлъэхъужь, абы хуэфащэр. Щакіуэр къэсмэ, дыгъужь пцІыупсым и унафэр ищынщ, - жери бажэр губгъуэм илъэдэжащ.

Гъэлъэхъур хъупІэм ихьэжащ.

Зэанэзэкъуэ

- Уэ си анэурэ сэрмахуэ гущэ,
Ныжэбэрей жэщым щІыхьым сыхэти.
- А си щІалэурэ сэрмахуэ гущэ,
ПщІыхь узыхэтхэр мыдэ кьызжеІэ.
- Уэ си анэурэ сэрмахуэ гущэ,
Тхъэрыкъуэ пщэхум
зыкъысхуегъафІэри.
- А си щІалэурэ си щІалэ дыгъэ,
Къунан лъакъуэхур уи адэм
пхуегъафІэри.
- Уэ си анэурэ сэрмахуэ гущэ,
Си гущэ дахэр сфІызэпкърахри.
- А си щІалэурэ си дыгъэ-мазэ,
Уи дыщэ уанэри кьыпхуэзэщІалъхьэри.
- Уэ си анэурэ сэрмахуэ гущэ,
Си адэм и пщІантІэм пшэ фІыцІэр дэлън.
- А си щІалэурэ си дыгъэ-щыгъэ,
Уи щІакіуэ фІыцІэр сэ пхузогъапщІэри.
- Уэ си анэурэ сэрмахуэ гущэ,
Мо мазэ ныкъуэр кьыскурахьэхри.
- А си щІалэурэ си дыщэ бзыгъэ,
Уи сагъындакъыр кьыпхуэзэфІащІэри.
- Уэ си анэурэ сэрмахуэ гущэ,
Си куэбжэ быдэр си адэм Іуеудри.
- А си щІалэурэ си дыщэ баш,
Нэхур зэрыщ мыгъуэу удошэсыкІри.
- Уэ си анэурэ сэрмахуэ гущэ,
Щхьэ апхуэдизу нэпсыр щІэбгъэкІра?
- А си щІалэурэ си дыгъэ пажэ,
Сэ махуэ Іэджэкіэ сыпкІэлъыгъынуи.
- Уэ си анэурэ си анэ дыщэ,
Уэ уи кІэ къуагькІэ сыпхуэхъумэн?
- А си щІалэурэ си гурыгъу закъуэ,
Лъэпщыр зи къаным укъыскухъумри!

Зытхыжар **НАЛО Заурщ.**

ЛІыжь цІыкІумрэ шейтІанымрэ

Мэкъуауэ къыздикІыжым, лІыжь цІыкІум шейтІанымыр къыдуущ.

ШейтІаным. Дэнэ укъикІыжрэ, лІыжь цІыкІу?

ЛІыжь цІыкІум. СыкъыздикІыжыр пщІэркъэ, шейтІаныжь: мэкъуауэ сыкъокІыж. Си дамащхьэм тІльыр щэмэджщ.

ШейтІаным. Сыт щыхъыбар мэкъуауэм?

ЛІыжь цІыкІум. Сыт щыхъыбарын: шэмэджибгъу дызздеурэн, зы арГуеуі къэдгъкІащ.

ШейтІаным. АрГуеуэжь цІыкІу хъунщ къэвдкІар?

ЛІыжь цІыкІум. ЦІыкІу-мыцІыкІумри, и зы пІэбдзыр хьибгъум яхуэщхакъым.

ШейтІаным. Хьэпшыр защІэ хъунщ?

ЛІыжь цІыкІум. Хьэпшыри жыІэ, допхъуейри, уэгум ит бгъэр кърелъэфэх дэтхэнэмэ.

ШейтІаным. Бгъэ шыр хъунщ?

ЛІыжь-цІыкІум. Шыр-мышырми, зы бгъэм и дамэм бонубгъу кьыибгъэнущ.

ШейтІаным. Боужь цІыкІу хъунщ?

ЛІыжь цІыкІум. ЦІыкІу-мыцІыкІумри, бо къэс махъшэ бгъурыбгъу щІохуэ.

ШейтІаным. Махъшэр мылъхуэс хъунщ, лІыжь цІыкІу?

ЛІыжь цІыкІум. Мылъхуэси жыІэ, псыкъуиІм щхьэщыувэмэ, псыеФэн щхьэкІэ, загъэщхъыркъым.

ШейтІаным. Башыпэкіэ къратІыкІа псыкъуий чэнж цІыкІумэ-щэ?

ЛІыжь цІыкІум. Чэнжуи ирехъу, пэгуныр пщэдджыжьым ирадзыхмэ, и щІэм щынэсыр пшапэ зэкъуэгъуэрщ.

ШейтІаным. Махуэр кІэщІ хъунщ?

ЛІыжь цІыкІум. Махуэр кІэщІ-кІыхьми, пщэдджыжьым хъуакіуэ дэкІа шкІащІэр танэ хъуауэ пщыхьэщхьэм кьыдохьэж.

ШейтІаным. Танэ гуащІэмащІэ хъунщ?

ЛІыжь цІыкІум. ГуащІэмащІэуи жыІэ, пхъэІэщэ дакъэм щІащІэри, ировэ.

ШейтІаным. Уи гуэбэнэчыжьыр гъуанибгъущ, лІыжь цІыкІу!

ЛІыжь цІыкІум. Цибгъу кьыхэ хуащи, аращ щІэпъуанибгъур.

ШейтІаным. Ми вакъэжьыр лъапашэщ!

ЛІыжь цІыкІум. СызыхуеймкІэ сешэ, шейтІаныжь!

ШейтІаным Уэху мыгъуэ! Сызэгуэбгъэудан нобэ, лІыжь цІыкІу!

ШейтІаным афІэкІ хуэшчыжакъым: тІысри, зэгуэудащ.

НапэкІуэщІыр зыгъэхьэзырар КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.

● Футбол

Мэшыкъуэм къретри, Дзыхьмыщ1ым дегъэк1

Спартак-Налшык» (Налшык) - «Кубань» (Краснодар) - 1:0 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. Бадзэуэгъуэм и 22-м. Цыху мин 12500-рэ еплъащ.

Судьяхэр РЕЗНИКОВ (Ярославль), Койдэ, Котковский (Тлурн Мэзкуу щыщщ).

«Спартак-Налшык»: Радич, Ятченкж, Джудович, Амисулашвили, Филатов, Мэшыкъуэ, Файзулин, Пилипчук, Гвазавэ (Роденков, 66, Шумейкэ, 90), Самсонов (Дзыхьмыщ, 75), Рикардэ Хесус.

«Кубань»: Габулов, Джефтон, Ленгиел, Орехов, Петков, Лыс (Засеев, 85), Ушенин, Иванов (Кириленкэ, 76), Лайзанс, Гогниев, Рикарду (Кузьминев, 85).

Топыр дитъэк1ащ Дзыхьмыщ1ым, 79 (1:0).

Дагъуэ хуащ1ащ Рикарду, Файзулин, Гогниев, Лайзанс, Джефтон, Джудович сымэ.

Джэгум хахуащ1 Гогниевыр.

БАДЗЭУЭГЪУЭ мазэр жъуэгъурлащ «Спартак-Налшыкым» - иригъэк1ыжк1а зэ1ущ1ищри кьихьащ1 Кьищ1ынэмыщ1ауэ, вэсэмахуэ ди командэм хэту къэралым и лигэ нэхъыщ1хьэм япэ дыдэу топ щыдигъэк1ащ адыгэ щ1алэм!

Зэпеуэм и иужьрей джэгуг1ыуп1ым зэрыщ1ет к1уам пащэну хьэзыру налшыкдэсхэр джэгуп1э губг1ъуэм к1ыхьащ. Зыхащ1эрт, ар к1ай хьу п1эмэ, турнир таблицэм я 1уэхуэхэр хэпщ1ык1ыу зэрыщ1ефэк1уэнур. Арщхьэк1э, дж эгуг1ыуп1 I хьуауэ темыкIуэф Краснодар и «Кубанм» адэжь ик1уэтыпIэ и1этэхьыми, арауэ к1ыщ1эк1ынущ ебг1эрык1уэу зэ1ущ1эр щ1ыщ1адзэри. Ещанэ дакьикъэм абыхэм я г1ыащ1 Ивановыр л1ьэщу ди г1ыуэм к1еуащ, арщхьэк1э Радич топыр к1ыиубдащ.

Мыгувэу к1ыхьэжаныкIыну I эмал г1ы эзэдж э налшыкдэсхэм к1ахьукIуэк1ащ. Файзулиныр «Кубаным» и г1ыащхьэхьмэхэм я1ш1эк1ри, топыр Габуловым щхьэпридзащ, ик1и, ди жагъуэ зэрыхьущи, ар зымащ1э дыдэк1э г1ыуэм хуэзакъым.

Абы щыг1ыуэм бжыгъэр к1ыз1уахатэмэ, «Спартак-Налшыкым» и I эхэр куздж1э нэхъ тынш хъунут. Къэхъуар нэгъуэщ1щ - хьэщ1эхэм я г1ыуэр к1ъргъэбыдэк1Iри, езыхэми I эмал хэр к1ал ы ы хьуэу хуежьащ. Апхуэдэхэм деж топ дэбг1эк1Iыну хуабжьу г1ыуп1.

Рикардэ Хесус, Самсонов, Пилипчук сымэ ди командэр я пэ ирагъэщ1ыну хущ1эк1уащ. КъикIалакъым Самарэ кьищ1ыхьжаныкIа Джудовичрэ Амисулашвилирэ г1ыгъу зэрыз рагъэхьами. Ар щ1ильагъум «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщ1хьэ Красножан Юрэ г1ыащ1ыауэ псынщ1э Дзыхьмыщ1 Марат губг1ъуэм к1ыригъэхьащ.

Дакьикъэ зыщ1ыпл I нэхъ дэмыкIыу абы налшыкдэсхэм т е к I у э н ы г ъ э р я к ь а х у и х ь а щ.

Мэшыкъуэ Аслъэн I эззу кърита топыр I эк1уэльакIуэу к1ыгъэсэбэпри, Дзыхьмыщ1ым бжыгъэр к1ыиз1уихащ. Ипэк1э зэрыщ1ыжьт1ащ, ар тхъ1эм хьыхьэну I уэхугъуэщ, сыту жыпI эмэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и командэм хэту адыгэ щ1алэм япэ дыдэу къэралым и лигэ нэхъыщ1хьэм топ щыдигъэк1ауэ аращ. Нэхъапэм ди лъэпкъэгъуэр мы зз-мыт I эу к1ыхьэжаныкIащ, арщхьэк1э ахэр зыхуэдж эгуар нэгъуэщ1хэрщ.

Зэ1ущ1эм и к1уэхьыр г1ыащ1э дыдэ хьуащ. «Кубаныр» хущ1эк1ыащ зы очко нэхъ мыхьэу м к1ыригъэльину. Налшыкдэсхэми текIуэныгъэр я ут ы ы пщ ы ну хуейт эк1ым. Абыкl э щ1эгъэжьуэн к1ахьуэхъурт зэрыуэлбанэм щхьэк1э к1ъэмы нэу стадионым изу къэк1уэ щ1ыху минхэм я макъ ь щ1эхэр. Щ1ымыхьэжьихьэм, хьэщ1эхэм I эшт I ымэ я г ъэдалъэу хуежьащ. Кърикlуар нэхъ «жыдж эрэу» зыкъ з эзыгъэльащ. I Гогниевыр джэгуп1э губг1ъуэм к1ыиз рыраухащ.

Арати, зэк1элъхьэужьу ещанэу текIуэри «Спартак-Налшыкыр» турнир таблицэм увыпIитхуиг1э щ1ыдэкIуэтеящ. Йджы ди щ1алэхэр премьер-лигэм щ1ыеянэщ.

Мазитl хьуауэ зи хьэрхуэрэг1ъуэм тоя яхудэзымыг1ъэк1ыф ик1и темыкIуэф ЦСКА-м ик1Iэм-ик1Iэжьм очкоищ зыI эрыг1ъхьащ. Ар кьанэ щ1ымыI эу зи ф1ыг1эрэ Бразилием и командэ к1ыхьэкам хэту Америкэм и кубокыр к1ъэзыхь к1ъэзыг1ъэзэ жа Вагнер Лаву. Ар щ1ал I ззэеевым и г1ъэсэнхэр «**Локомотивым» 2:1-уэ** тезыг1эк1уа топитIри дзэзыг1эк1ар.

Турнир таблицэм пашэныг1ъэр щ1ифыбдащ «**Спартакым**». Абы папщIэ мэзкуудэсхэм бжыыгъэм к1ырагъэк1уэтэжащ **3:1-уэ** хагъэ щ1а Санкт-Петербург и «**Зенитыр**».

Йджы щ1ыг1уаэз фыхуэт щ1ынщ адрей командхэр нужьу зэрыз эдэджэгуам: «**Динамо**» (Мэзкуу) - «**Амкар**» (Перм) - **0:0**, «**Сатурн**» (Мэзкуу область) - «**Томь**» (Томск) - **0:0**, «**Ростов**» (Дон Iус Ростов) - «**Луч-Энергия**» (Владивосток) - **1:1**, «**Москва**» (Мэзкуу) - «**Крылья Советов**» (Самарэ) – **3:1**.

Кьищ1ынымыщ1ауэ б эрэжьейм Химким щыз эхэтащ епщ1ыкIуб г1ыанэ джэгуг1ъуэм хьыхь эзэ1ущ1э. Абы «**Локомотивыр» 2:1-уэ** хэтъэрейхэм щатекIуащ.

Интертотом и кубокым папщIэ ек1уэк1 эзэхьэззэхуэм эзрыхэтым к1ыхьэк1ыу Къэзан и «**Рубинымрэ**» «**Химкимрэ**» я зэ1ущ1эр щ1ыщхьэ1ум и 1-м я г ъэ1 эпхъ ащ.

Кьыкl эл ы к I у э джэгуг ъ у э р «Спартак-Налшыкым» бадзэуэгъуэм и 28-м Къэзан щ1ригъэк1уэжьын хуеящ, арщхьэк1э, ищхьэ1уэк1э зи г1ыгъу тщ1ар и щхьэу сыг1ыуэ, ари яг ъэ1 эпхьуащ. Ар щ1ыгъэк1ынур фокIадэм и 26-рщ.

Йджы ди щ1алэхэм щ1ыщ-хьэ1ум и 5-м к1ырагъэблэг1ъэнущ ЦСКА-р.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Премьер-лигэм щек1уэк1 зэхьэззэхуэм и турнир таблицэ

Командхэр	Дж.	Кь	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Спартак»	17	9	5	3	23-16	32
2. «Зенит»	17	8	6	3	27-22	30
3. «Москва»	16	7	6	3	18-12	27
4. «Динамо»	17	7	5	5	21-15	26
5. ЦСКА	17	6	7	4	20-16	25
6. «Локомотив»	17	6	5	6	21-22	23
7. «Крылья Советов»	17	6	4	7	19-21	22
8. «Спартак-Налшык»	17	5	6	6	15-18	21
9. «Рубин»	15	6	2	7	15-16	20
10. «Луч-Энергия»	17	5	5	7	16-18	20
11. «Томь»	17	4	8	5	20-19	20
12. «Амкар»	17	4	8	5	15-15	20
13. «Химки»	17	4	7	6	18-18	19
14. «Сатурн»	16	3	9	4	14-16	18
15. «Кубань»	17	3	9	5	13-18	18
16. «Ростов»	17	1	8	8	12-25	11

Зэ1ущ1э нэужьым

НАЗАРЕНКЭ Льомид 'Кубанымрэ' и тренер нэхъыщ1хьэ:

Дыкъыхагъэщ1эн си гугъакъым

Зэ1ущ1эр ирихьэ нэужь, краснодардэсхэм я командэм и тренер нэхъыщ1хьэм к1ыхьигъэщ1ащ джэгур гугъуу зэрек1уэк1ар ик1и жи1ащ, я нэхъ мащ1эрами, зы очко къахьын мурад яI эу Налшык к1ыиз рык1уар.

- ГУБГ1ЪУЭМзэпэщ1этыныгъэ г1ыащ1э щек1уэк1ащ. Дэтхэнэ командэм и дежк1и мыбы к1ырик1уэну бжыгъэм мыхьэнэщхъэ иI эт, сыт щхьэк1э жыпIэмэ, тек1уэр увыпIитхуик1э турнир таблицэм щыдэк1уэтеинут, хагъащ1эр нэхъри к1ьек1уэтэхьнути. «Спартак-Налшыкым» и к1энэр к1ьикIащ ик1и е1энэ увыпIэм уваща. Ди командхэм я1эпхъэ г1ы дж эгуэ1эмк1э дыкъыхагъэщ1эну сигу къ1ыхьакъым. КомандитIри нэхъыбэу зэ1ущ1э-бэнар очкоищращ, ауэ ар дэ зы1эрыдг1ъхьэфакъым.

КРАСНОЖАН Юрэ. Спартак-Налшыкым и тренер нэхъыщ1хьэ:

Зэ1ущ1э хьэлъэ

«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщ1хьэм апхуэдэу жи1ащ зэ1ущ1эр командхэм я1эпэзэпт1ехьэлъар. Ауэ и иужьрей зэ1ущ1ищым очкоибг1у къ1эзыхьа и щ1алэхэмк1э хуабжьу и гур хэхъуэт.

-ЗЭУЩ1ЭР зэрирухынур зэ1ыпатар зы топ закъуэт. Ик1и, ди насыпти, ар дэ дэд1эк1ыну тхуэзф1эк1ащ. Командхэм я зэхуаку зэнык1ъуэк1ыщхуэ дэпъащ. Ди футболистхэм ф1ыщ1ащхуэ хуэсщ1ыну сыхуейщ к1ыщ1ат ъыкIыу к1ыщ1эрах ьам папщIэ. Апхуэдэуи дяпэкIэ ирагъэкIуэкIмэ си гуапэщ.

«Рубиныр» девгъэк1ужьыну зэ1ущ1эр зэрагъ1эпхъуам щхьэк1э тхьэмахуитIк1э зыиг1эпэсхуэну I эмал к1ыфхуэк1уэк1ащ. Дауэ а зэманыр зэрыиг1эк1уэнур?

- Топ дзэгугъэр махуищ1э загъэпсхуэну соутIыпщык. Адэк1э зы махуэк1э дад эплъэхьэнущ дызыкIэлъ1ыпIъ1ыну къедг1эбл эг ъэ ф ут болистхэм. Итlанэ ЦСКА-м дедг1эк1ыжьыну з1ущ1эм зыг1эпэсхуг1уэ димы1эу Налшык зыщ1ыхуэд г1эхьэ1эрыпнущ.

Зытхыжьар **МЭЗКУУ Кьанщобийщ.**

● Гъэмахуэ-2007

Гукъинэж куэд щал ъагъу

Цыкlухэм я гъэмахуэ зыгъэнсхуг1уэр къызыхуэтынкIэу къыщыз эгъэпэщ1ахэм я щ1ыщ1 «Къарэ-су» сабий лагерыр. Бадзэуэгъуэм и 11-м лагерым ет1уанэ щ1ал эр къызэ1уихащ. Иджыпсту абы щохьэщ1э ныбжьыщ1э 95-рэ.

Атабиев Алий и унафэм щ1эту лажьэ г ъэсакIуи 8-мрэ инструкторищ1ымрэ сабийхэм г ъэмахуэ зыгъэпсэху-г ъэуэ щ1эщ1ыгъуэ щащ1ым папщIэ я л ъэк I э к ы г ъ а н э р к ы л ы м.

Лагерым и Iэтащхьэ Бэрбэч Равидэ зэрыжи I эмк1э, абы щы1э дэтхэнэ зы ныбжьыщ1эри зыхуэдэ хуоэз, гупЫгъэ хэха егъуэт. Аэр махуэм 4 яг ъашхэ, щыжей, зыщ1агъэпсэху пэшхэри хъарзынэу кьызэг ъэпэщащ.

Махуэр зэ1ущ1уэ я щ1ымыхьун папщIэ джэгу-зэпеуэ махуэ ирагъэк I уэк I. «Лагерым и тхьэ1ухуэр» эпеуэр пщащ1эжьм зыпащ1 щы1эжьым, щ1ал ъ щ1ыкIуэзэ спорт зэхьэ1эхуэ зэхуэмыдэхэм я зэфIэкI щагъэльагъуэ. Апхуэдэ джэгук I эхэр куэд мэхъу, щ1ыкIуэхэри яфIэгъэщ1эгъэуну жыдж эгу хэтщ.

«Къарэ-су»-м щ1ылажьэхэмрэ зыщ1ыз1ыгъэпсэхуэмрэ я къарукIэ къызэрагъэпэща концертхэм, пшыхьэм нэмыщ1и, абы кърагъэблагъэ уэрэджьIакIуэ гупхэр, театрым и актерхэр. Апхуэдэуи зекIуэ, зыпIъ1ыхьакIуэ щащ1э махуэ хэхахэрэ я1эщ.

Щ1ыкIуэм безенщ1 ауэым зыщрагъэпл ъ1ыхь, Налшык къ1эр къащ1э, Аушыджэр псы хуабэм зыщрагъэгъэпскI.

«Къарэ-су»-м щ1ыIа дэтхэнэ сабийри мэкIуэж, к1ыкIэлыкIуэ ильэсми мыбы к1ыгъэзэжьыну и гуращ1эу.

Тхыгъэри сурэтри зейр **КIУАЩ1 Хьэутийщ.**

● Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр



Нэфисэт. *1987 гъэ*

Амшыкъуэ Нэфисэт и гуащ1э

Амшыкъуэ Нэфисэт илъэс т1ощ1 ирикъуэтэкIым унагъуэ щ1ихьам. Абы л ъ эндэрэ илъэс 27-рэ мэхъури, и унагъуэри зыкъуей хуиг ъэныкIъ ак Iым, и Iэщ1агъэми хигъахъуэу нобэ к1ыздэсым ирола-жьэ.

АМШЫКЪУЭ Нэфисэт 1978 гъэм, г ъ уэ дж э едж а-пIэр къ ы ухри, Дзэлыкъуэ-къуажэ дэт Щэнхабзэмкlэ унэм гъэжьэн щ ы щ I ы дз ащ. Иужьрей илъэситхум бзылъхугъэ гуащ1афIэм сабийхэр макъамэ Iэмэпсымэхэм хурегъаджэ. Абы къыдэкIуэу Нэфисэт и унафэщ1 «Пшынальэ» щ1ыхьэ ансамблим и оркестрым.

ЖЫРЫКЪ Руззаннэ.
Дзэлыкъуэ район.

● Гу зылъытапхьэ

Хущхъуэр псоми ярикъунущ

Республикэм къ ы I эрыхьащ1 балигъ хъуахэм гепатит «В» вирусыр къемыуэлIэн папщIэ халъхьэ вакцинэр. Ар къащ1ащ «Уэзыщ1агъэ» лъэпкъ проектыр гъ ъ эщ1эным хиубыдэу. Хущхъуэр щ1ыхуэмп щ1энщ1эу халъхьэнущ. Мы вакцинэм и фIыщ1экIэ уэ щ ы н а г ъ у э м щ ы х ъ у м а х ъ у н у щ и л ъ э с 35-м нэс зи ныбжьыкъ БЖР-м и щ ы п с э у п с о р и.

2006 ГъЭМ гепатит «В» вирусыр къемыуэлIэн папщIэ сабий мин 21-м вакцинэхэр халъхьащ, 2007 гъэм а хущхъуэ дыдэр зыхалъхьар щ1ыху мин 50-м щ1егъ.

Вакцинэр зэмызэгъэ къ ы к I э к I а к ъ ы м. А зэ ы ф э м з э р ы п э щ1эт хущхъуэр зэрыхалъхьэр мы къыкIэлъ1ыкIуэм хуэдэущ: ипэ вакцинащ1эм и уэкIыгъэ махуэ 30-45-рэ благъэкIри, ет1уанэ вакцинащ1эр ирагъэкIуэкI, ипэу хущхъуэр щ1ыхьалъхьам щ1ыщ1эдэ уэ м а з и х д э к I э нэужь, ещанэ вакцинащ1эр зэфIэкIыкI.

Мы зэманым республикэм хущхъуэр хэзылъхьэну дохутыр бригадэхэр къ щ1ыщ1эрагъэпэщащ, иммунизацэм хиубыдэ псори къ ы хатхыкIащ.

Хущхъуэр дэтхэнэми щ1ызыхригъалъхьэ хъунущ езыр щ1ыпсэу щ1ыпIэм щ1ыIэ поликлиникэм.

У з зэрыщ1ал Iэ щ1ынагъуэм фэри фи Iыхьлы хэри щ1ы-зыхъумэфыну щ1ыIэр мы хущхъуэм и закъуэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦIЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖЬэкIымыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъ ъ ы ж ь ъ Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Гъ ъ ц I о Зариф, ЖылаСэ Маритъ, Л ь о с т э м Муэ, Ныбжьы Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щ ы I э уэрам, 5, е б г ъ у а н э - е п щ I а н э къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Iуэхугъэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щ1ихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1ап Iэхэм я1элэжьынымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщ1эхэмкIэ, спортымрэ пресс-центрымкIэ - 42-22-88; етъыджинымгъэмрэ щ1эныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ап Iэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщ1ыхьа бжыгъэхэм, къыщ1эТта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмр редакцIэм я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэныту щ1ытхьыну.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дилъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщ1эныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щ1ныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №11-0065-м щ1эту ятхащ.

КъБР-м Щ1ихабзэмрэ хъыбарыгъащ1э Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм 1905 гъэм щы1а РеволюцIэм и щ1эр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIыкIэ щы I эуэрам, 33, телефонхэр - 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елъэхьахи: жэуап зыхь секретарь Гъ ъ ы ж ь Мадинэ, редактору Хьэжьыкъарэ Алик, корректорхэу Щ1ОДЖЭ Инн э (*1, 4- нэ пап.*), Табыщ Динарэ (*2, 3-нэ пап.*). *Компьютерхэр газетым и теплъэр ящ1ащ:* Щ1ыкIуэ Мадинэ, Щ1омахуэ Марианнэ, *сурэтыщ1* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iэнатlэм щ1агъэхьзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щ1ытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Гираж 10.005●Заказ №2220

Дзэгур зэрек1уэк1ам тегъуауэ

«Спартак-Налшыкымрэ» «Кубанымрэ» я зэ1ущ1эр щ1ыхьэ нэужь, командхэм я футболист зыбжанэм захуэдг ъ аэзри, зэхъ ъ эзэхуэр зэрек1уэк1ар къаэрыщ1ыхьуам тедг ъ эпсэлъ ъ ы хьащ.

Самсонов Олег - «Спартак-Налшыкым» и г ъ уащхьэхъумэныкъуэ:

«Дыщ1ытек1уак1э, зэ1ущ1эр къыдэхъулIауэ къызолъыгъ. Нобэрей очкоищым псоми ди къару хэтлъхьащ. Тренерым къытхуигъуэвэ къыдэнэжр дг ъ эзэщ1ащ, ауэ ныкъусаныгъэу ди джэгук1эм хэлъхэм я нэхъыщ1хьащ хьэрхуэрэг1ъуэм и г ъ уэм мащIэ дыдэрэ фIэкI дызэремыуэр.

Сыт хуэдэ зэ1ущ1эми зэхуэдэу зыхудогъэхьэзыр. ЦСКА, «Томь» е «Кубань» жыт1эу, ди ныкъуэкъуэг ъ уэхэр зэхэддзыкъым. Дытек1уэн мурад диI эу дэтхэнэми дыпэщ1оувэ».

Пилипчук Сергей - г ъ уащхьэхъумэныкъуэ:

«Зэ1ущ1эр хьэлэмэтэ ек1уэк1ауэ к1ыхьащ1эу. Пэжыр жыпIэмэ, нобэрей уэщхьэм такIу дызэрит1уащ. Махуэ псом хуабэу щытати, абы дыхуэхьэзыру дыджэгун ди г ъ уГащ, арщхьэк1э дунейм зихъуэжри, ди джэгук1эми нэгъуэщ1 зэхъуэк1ыныгъэхэр хэтлъхьащ. Си г ъ уГэмк1э, краснодардэсхэми уэщхыр зэран яхуэхъуащ.

Зэ1ущ1эм и етIуанэ I ыхьэм нэхъ псынщ1эу джэгун щ1эдзащ, хьэрхуэрэг1ъуэхэми нэхъ дытегущIэхъуащ, зэрыт лъ ъ ащ1ри, абы фейдэ к1ыхьэхтащ.

Иджы тхъ1эмахуитI хуэдизк1э зыдг ъ эпсэхуну к1ыгъэхуихуащи, нэхъ дыхуэхьэзыру ЦСКА-р къедг ъ эблэг ъ энущ».

Ушенин Андрей - «Кубаным» и г ъ уащхьэхъумэ:

«Нобэрей зэ1ущ1эм утепсэлъыхьыну г ъ уГащ. КомандитIри зэхуэдэу текIуэныгъэм щ1эбэнащ. ГурыIуэг ъ уэт, хэт япэу тон дигъэк1Iми ар зэрытекIуэнур. «Спартак-Налшыкым» и к1энэр къик1ащ. Дауэ хъуми, футболеплъхэм я г ъ ирихьауэ щытын хуейщ нобэрей зэ1ущ1эр. Сыту жыпIэмэ, зыщ1ымыс хьыхьыкIэ зыщ1ауэ командхэм я щ1ыхьэхэр джэгуащ.

ТекIуэныгъэр к1ыщ1ытхуэмыхьам и щхьэусыгъуэу къэсл ъ ытэр налшыкдэсхэм я г ъ уэм л ъ эщу дыз эремыбг ъ эрыкIуэфарщ. АтIэми, очкоищ щхьэк1э дыкъэк1уат».

Ещ1ыгу Сэфарбий - тренер нэхъыжь:

«Командхэр очкоищым щ1эбэнащ. Зэхьэзэхуэр, дызэригъуаэу, г ъ уГуу к1ыщ1Iэк1ащ. «Спартак-Налшыкым» уддэджэгуну сыт щ1ыгъуи г ъ уГущ. Къ ы к I у э т ы н у з ы р и з эрыхуэмкIэ нэрылъ ъ ащуу екIуэк1ащ зэ1ущ1эр. Ауэ, дауэ хъуми, ди щ1алэхэм нобэ къ ъ ащ1ал ъ эг ъ уа щ ы Iэк ъ ым. Ахэр зэрыдж эгуар сигу ирихьакъым».

Епсэлъар **ХЬЭЩ1ЫКЪУЕЙ Олег щ.**



Футболистыщ1эхэм я ф1ыгъэк1э

«Спартак-Налшык-Д» (Налшык) - «Кубань-Д» (Краснодар) - 2:1 (1:0). Нарт къалэ. «Химик» стадион. Бадзэуэгъуэм и 21-м. Цыху 1000 еплъащ.

Судьяр Мирошниченкэ (Прохладнэ).

«Спартак-Налшык-Д»: Щ1ожэн Аз., Шумейкэ, Бэрэгъ ун, Кисенков (Дзыхьмыщ1, 46), Щ1ожэн Ас. (Степанов, 73), Дыщ1ек1, Джэтокъуэ, Матич (Балъкъэр, 39), Костенкэ, Бидз (Гъуэщ1къуэ, 86), Къэжэр (Гъубж, 61).

«Кубань-Д»: Дикань (Кот, 46), Хорин, Путилин, Кузьмичев (Есипенкэ, 46), Окорочков, Байрыев, Семизьян, Подружкэ, Калешин, Кулагин, Корнеев.

Товхэр дагъэк1ащ: Къэжэр, 36 (1:0). Костенкэ, 50 (2:0). Корнеев, 65 (2:1).

Зэ1ущ1э зыбжанэ хъуауэ «Спартак-Налшык-Д»-м и унэ щ1ригъэк1уэк1 джэгуг ъ уэхэр ехьуI эныгъэ иIэу еух. Апхуэдэуи зэфIэк1ащ щ1ебэт к1уам Нарт къалэ щ1ыз эхэтари. Джэгум и я пэ дакьикъэхэм к1ыщ1ащ1эдзауэ хьэрхуэрэг1ъуэр гуащ1эу зэныкъуэк1ауащ. Ди щ1алэхэр щ1эх-щ1эхыурэ хьэщ1эхэм я г ъ уэм е б г ъ ы щ1алэхэр щ1ыгъ, нужьрейхэми псынщ1эу хэг ъ эрейхэр к1ырагъэк1уэтыжьащ1.

Ящ1э к1ек1уэк1ыгъуэм и ужьк1э командхэм зыщагъ1эпсэхуа зэманым к1ырыбдэу «Спартак-Налшыкыр» футболистыщ1э хуэдым к1эльыпIлъ ы хуэзфIэк1ащ. Абыхэм ящ1ыщ1 я джэгук1эр ягу ирихьу тренерхэм командэм к1ыхьагъэхьа Костенкэрэ нарт къалэдж Къэжэрымрэ. Ик1и щ1алэхэм ирагъ ъ эа дзыхьыр ягъэпэжащ.

Зэ1ущ1м и яп I ыхьэр и к1эм нэсауэ Къэжэрым к1ыI эрыхьа топыр I эззу г ъ уэм дигъэк1Iри, ди щ1алэхэр яп I ириг ъ эщащ - 1:0. Загъэпсэхуу командхэр к1ыхьэжа нэужь, к1ыз эращ1амкIэ тренерхэр зэрыщ1ымыуар наIуэ ищ1ащ Костенкэ. Ар зэуа топыкум Дикань и п1экIэ дкэгуп1э губг ъ уэм к1ырагъэхьа краснодардэсхэм я г ъ уащхьэтет Кот къ ы хуеГъэг ъ эзакъым.

Дакьикъэ 15 нэхъ дэмыкIыу «Кубань-Д»-м зэщ1ъыщ1ыныгъэр нэхъ мащIэ ищ1ыжащ. Адэк1э къэна зэманым зэ1ущ1эр налшыкдэсхэм зэрыхуейм хуэдэу ирагъэк1уэк1ат. Уеблэмэ топ зыбжанэ дагъэк1ыну I эмал къахукъуэк1ат, ауэ я к1эн къик1акъым. Мы гъэм иригъэк1уэк1а зэ1ущ1э щ ы к I у б л ы м «Спартак-Налшык-Д»-м очко 26-рэ щ ы з ы р и г ъ э х ь а щ ик I и турнир таблицэм идж ы пту е х а н э ув ы п I эр щ1ыгъуи.

Адэк1э щ1ыгъуаз э фыхуэтщ1ынщ премьер-лигэм хэт адрей командхэм я дублер-хэм ирагъэк1уэк1а зэ1ущ1эхэм к1ьарик I уахэм: «Динамо-Д» - «Амкар-Д» - 0:1, «Сатурн-Д» - «Томь-Д» - 1:3, «Ростов-Д» - «Луч-Энергия-Д» - 4:0, «Спартак-Д» - «Зенит-Д» - 4:1, «Локомотив-Д» - ЦСКА-Д - 2:0, «Москва» - «Крылья Советов-Д» - 1:1.

КЪЭХЪУН Бэч.